

Yon etid Biblik nan levanjil

JAN



Jezi di li: Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri.

—Jan 11:25

POUKISA LEVANJIL JAN TE EKRI?

Jezi te fè anpil lòt mirak ankò devan disip li yo, men nou pa rapòte yo nan liv sa a. Tou sa ki ekri nan Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka kwè Jezi se Kris la, Pitit Bondye, pou lè nou kwè a nou ka gen lavi nan li. —Jan 20:30, 31

Jan te rele tèt li “disip Jezi te renmen an.” Nou pa panse ke Jezi te renmen Jan plis pase lòt disip li yo, men petèt Jan te pi sansib pou santi lanmou Jezi te genyen pou yo tout. Jan te apresye lanmou Jezi a anpil epi li te sansib pou misyon Kris la ak objektif li nan monn sa a.

Plizyè ane aprè Levanjil Matye, Mak ak Lik yo te fin ekri, gen kèk fo ansèyman ki t ap simaye pou fè konnen ke Jezi te jis yon moun. Pou rezon sa, Jan te ekri liv espesyal sa a pou l montre Jezi se Bondye ki te fèt chè. Pami tout plizyè santèn mirak Jezi te fè yo, Jan te chwazi ak anpil atansyon anrejistre mirak ki te pwouve Jezi se PÈSONAJ li te deklare li ye a. Li te rele mirak sa yo “siy.”

Jan te pwouve tou poukisa chèf relijye yo nan epòk sa a te rayi Jezi epi te livre l pou yo kloure l sou kwa. Se paske Jezi te deklare li egal ak Bondye! Jan montre kijan Jezi te *planifye* pou l vin “Ti Mouton Bondye a” ki wete peche monn nan. Jezi te bay tèt li kòm sakrifis san defo jan Bondye te mande a pou l ekspye peche monn nan.

Se te objektif Jan pou moun ki te li Levanjil li ekri a (“Bòn Nouvèl la”) ta kwè nan Jezi epi resevwa lavi etènèl.

Se priyè mwen pou etid Bòn Nouvèl sa selon Jan fè w kwè nan Jezi epi resevwa l nan lavi ou kòm pwòp Sovè w ak Senyè w. Jezi se lavi epi li ofri pou pataje lavi li avèk ou pandan tout letènite. Poukisa ou pa di li jodi a ke ou rejte ansyen vi ou t ap menmen an epi ou resevwa li? Di li mès pou lavi tou nèt li ba ou a. Pran plezi nan relasyon avè l chak jou. Viv chak jou pou fè l plezi. Epi pale lòt moun konsènan mèveye Jezi sa a. Li renmen yo tou! —V. R. Benson

KÒMAN NOU DWE ETIDYE PAWÒL BONDYE A

1. Chèche èd Bondye nan Lapriyè. Nou bezwen èd Bondye pou nou ka konprann sa nou li nan Bib la. Pran Sòm 119:18 pou yon priyè: **Louvri je m pou m ka wè bèl bagay ki nan lalwa ou la.**

2. Li pasaj yo ki ekri nan liv la ak anpil atansyon yon kote ki pa gen bri. Souliye tout mo ki pi touche kè w Sonje ke Bondye pale ak nou atravè pawòl li.

3. Reponn tout kesyon dapre pasaj Biblik la.

4. Verifye repons ou yo pa mwayen repons ki nan dènye paj kouvèti a.

5. Aprann vèsè de memwa yo. Li chak vèsè memwa yo ak referans yo fò epi repete yo jiskaske ou ka di l san gade. Ou ka ekri vèsè a ak tout referans li sou yon kat, pou ka pote l sou ou. Chak jou repete vèsè a fò pandan plizyè fwa, pou ou ka kenbe l pi fasil. Di l devan yon zanmi ki ka wè si w fè erè. Oubyen ekri vèsè a san w pa gade sa ki ekri nan pasaj la. Epi konpare l ak sa ki ekri nan Bib la pou ka sèten chak mo byen ekri. Menm si w konn vèsè a byen, revize l yon fwa pa semèn pandan anviron 7 semèn, epi yon fwa pa mwa. Pandan w ap konsève “bon trezò” sa nan kè w, se konsa pawòl ou ak aksyon w ap chanje. Chwazi lòt vèsè pou memorize tou.



6. Reflechi ak pawòl Bondye ke ou te li a, ke ou te etidye, epi kenbe pa kè a. Bondye fè pwomès espesyal pou moun ki medite sou pawòl li lajounen kou lannwit.

Se pou pawòl ki nan liv lalwa a toujou nan bouch ou. Se pou w'ap kalkile yo nan tèt ou lajounen kou lannwit, pou ou ka viv dapre sa ki ekri nan liv la. Se konsa w'a mennen bak ou byen. Tout zafè ou va mache byen.
—Jozye 1:8


²Men ki pran tout plezi l nan lalwa Senyè a, k'ap repase l nan tèt li lajounen kou lannwit. ³Li tankou yon pyebwa yo plante bò kannal dlo: Li donnen lè sezon l rive. Fèy li p'ap janm fennen. Tou sa l fè sòti byen.
—Sòm 1:2, 3

7. Mete an pratik sa Bondye di. Se sa Jak 1:22 di nou, **Se pou nou fè tou sa pawòl la mande nou fè. Pa rete ap koute ase. Lè sa a, se pwòp tèt nou n'ap twonpe.** Jezi te konpare nonm ki tande pawòl li epi ki pa fè sa pawòl la mande a ak yon nonm ki pa gen bon sans ki bati kay li sou sab. Lè van ak lapli ak inondasyon te vini, kay sa ki te bati sou sab la tonbe.

Men nonm oubyen fanm, ti gason ou ti fi, ki tande pawòl Jezi yo epi ki *obeyi* yo se tankou yon nonm ki gen bon konprann ki bati kay li sou wòch. Lapli tonbe, dlo desann, gwo van soufle sou kay la ak tout fòs. Kay la pa tonbe, paske yo te moute fondasyon kay la sou wòch. Se sèlman lè nou fè sa Bondye mande, nou ka vin fò esprityèlman epi nou ka konnen Bondye pi byen. Ekri egzakteman sa w planifye pou w fè, epi fè l. Bondye ap la avèk ou, epi l ap ede w.

8. Pataje pawòl Bondye a ak yon lòt moun. Ou bezwen pataje sa w aprann nan Bondye ak tout moun nan fanmi w. Detewonòm 6:7 di sa, **N'a moutre pitit nou yo. N'a repete yo nan zòrèy yo, kit nou lakay, kit nou nan travay.**

LESON 1. GRO ENTWODIKSYON SOU JEZI KRIS



Jan 1:1-18

¹Nan kòmansman, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Pawòl la te Bondye. ²Pawòl la te la avèk Bondye depi nan konmansman. ³Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te fèt, pat gen anyen ki te fèt san Pawòl la. ⁴Lavi, se nan li sa te ye. Se lavi sa a ki te bay tout moun limyè. ⁵Limyè a klere nan fènwa a. Men, fènwa a pat resevwa li. ⁶Bondye te voye yon nonm ki te rele Jan. ⁷Li te vin sèvi temwen pou pale sou limyè a. Li te vini pou tout moun ki te tande mesay li a te ka kwè. ⁸Se pa li menm ki te limyè a. Li te vin pou sèvi temwen pou pale sou limyè a. ⁹Limyè sa a, se li ki limyè tout bon an. Se li menm ki vin sou latè epi k'ap klere tout moun. ¹⁰Pawòl la te nan lemonn. Se ak Pawòl la Bondye te fè tou sa

ki nan lemonn. Men, moun ki nan lemonn pat rekonèt li. ¹¹Li te vin nan mitan pèp li a, men pèp li a pa te resevwa li. ¹²Men, moun ki te resevwa li yo, moun ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye. ¹³Yo pa te vin pitit Bondye jan sa fèt pami lèzòm. Paske sa pa te soti nan egzijans lachè, ni nan volonte lèzòm. Se nan Bondye menm sa te soti. ¹⁴Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a. ¹⁵Se li menm Jan Batis t'ap pale a, lè l te di byen fò: Men moun mwen t'ap pale nou an, lè m te di nou: L'ap vin apre mwen. Men, li gen plis pouvwa pase m, paske li te la anvan mwen. ¹⁶Nou tout nou resevwa pa nou nan tout kantite byen l yo. Li ban nou favè sou favè. ¹⁷Si Moyiz pote lalwa, se Jezikri ki pote lagras ak la-verite. ¹⁸Pesonn pa janm wè Bondye. Men se sèl Pitit Bondye a, li menm ki nan sekrè Papa a, se li menm ki devwale nou ki moun Bondye ye.

Yon bagay pou fè

A. Ekri repons pou chak kesyon sa yo. Si ou pa kapab reponn, revize leson Biblik la ankò.

1. Kiyès “Pawòl la” te ye? _____ (vèsè 1)

2. Ki kote “Pawòl la” te ye? _____ (1)

3. Kisa ki te nan “Pawòl la”? _____ (4)

4. Ki kote limyè a briye? Nan _____ (5)

5. Kiyès Bondye te voye pou rann temwayaj sou limyè a?

Yon nonm yo rele _____ (6)

[Se te Jan Batis, se pa jan otè levanjil la.]

6. Ki moun ki pa t resevwa Jezi? _____ (11)

[Kòm yon nasyon, pèp Izrayèl la, pèp Bondye chwazi a, pa t aksepte Kris la.]

7. Ki pouvwa ki bay ak moun ki resevwa Jezi? Pouvwa pou vini _____ (12)

8. Moun ki fèt nan Bondye yo, pa fèt jan sa konn fèt sou latè, “sa pa te _____ nan egzijans _____, ni nan volonte _____. Se nan _____ menm sa te soti.” (13)

[Lè yon moun vin pitit Bondye, se yon mirak Bondye li menm fè. Ou pa pitit Bondye lè w fèt nan fanmi kretyen; ni jis paske ou vle sa rive; epi sa pa rive paske yon lòt moun ka vle ou fèt ankò. Fèt yon dezyèm fwa se yon travay Bondye fè.]

9. Kisa “pawòl la” te vin tounen? _____ (14)

10. Ki kote “pawòl la” te rete oubyen t ap viv? _____ (14)

11. Ki de bagay nou resevwa lè nou gen Jezikri nan lavi nou? “Nou tout nou resevwa pa nou nan tout _____ byen l yo. Li ban nou _____ sou _____” [benediksyon sou benediksyon] (16).

12. Paske okenn moun pa janm wè Bondye, kiyès ki te dwe vini pou montre nou kiyès Bondye ye? Sèl _____ li an (18).

[Paske Jezi se Bondye, li te kapab sou tè a an menm tan li te avèk Papa a, kote li te ye depi letènite. (Konpare vèsè 18 ak vèsè 1 an.)]

B. Ekri vèsè sa ki se **Jan 1:12**. Epi aprann li pa kè.

Jezi se Bondye—Li te vini sou fòm moun

Avan w resevwa Jezi epi kwè nan li, nou dwe konnen *kiyès li* ye. Vèsè 18 la di ke Jezi te vini pou montre n kiyès Bondye ye, paske pèsonn pa ka pwoche ase bò kote Bondye pou l rive wè l nèt. Glwa Bondye twò klere. Bondye twò sen.

Paske lèzòm se pechè, sa fè lèzòm viv nan yon tenèb espiyèl. Tenèb se tout moun ki pa konnen Bondye epi k ap viv san li. Men nou wè nan vèsè 5 lan tenèb paka mete limyè deyò.

Bib la di, **Bondye se limyè. Pa gen fènwa nan Bondye** (1 Jan 1:5). Jezi, antanke Bondye, rele “**vrè Limyè a**” (Jan 1:9). Antanke **vrè Limyè a** moun wè tèt li jan li ye *vrèman*, kòm yon pechè. Epi antanke vrè Limyè a li ka wè kijan Bondye ye *vrèman*. Li ka wè tou sa moun sipoze ye *vrèman*.

Se yon mèvèy lè limyè verite (Jezi) a ap klere fènwa ki nan mond sa pou montre nou Bondye! Jan yon tifi te di. “Jezi se pi bèl pòtrè foto ke Bondye janm fè!” Jezi se imaj Bondye—yon moun kapab wè, tandè epi touche.

Jezi te *abite* pami lèzòm. Mo sa nou jwenn nan vèsè 14 la “abite” vle di “tabènak” Jezi se *tabènak* nan mitan nou. Tabènak nan ansyen testaman an se te yon legliz ki te fèt nan yon tant ke Bondye te bay kòm modèl lè pèp Izayèl la pa t gen kote pou l rete nan kòmansman istwa pèp sa. Pi devan Tabènak la te vinn tounen tanp Jerizalèm, kote Seyè Bondye a te rete pami moun li te chwazi yo. Avan, lè pèp Izayèl la te peche, prezans Bondye te kite tanp lan. Men kounyea atravè Jezi, Bondye tounen nan “tabènak” la nan mitan pèp li a! Eske sa pa yon wonte paske anpil moun pa rive rekonèt li? Men tout moun ki kwè nan Bondye tout bon te wè glwa Bondye atravè Jezi (vèsè 14) lè li te vini an.

Jezi se pawòl Bondye a

Bib la di, **Pawòl ou se yon chandèl ki fè m wè kote m'ap mete pye m, se yon limyè k'ap klere chemen mwen** (Sòm 119:105). Lòt jan yo rele Jezi se “Pawòl Bondye a.” (Konpare vèsè 1 ak vèsè 14 la.) Bib la se *pawòl Bondye ki ekri* ladan l, epi Jezi se *pawòl Bondye vivan* an, paske Bondye rakonte vi pa li atravè Jezi.

1Nan tan lontan, Bondye te mete pawòl nan bouch pwofèt yo nan divès okazyon ak divès jan pou l te ka pale ak zansèt nou yo. 2Men, nan dènye jou sa yo, se pitit li a menm Bondye te voye pale ak nou nan non li (Ebre 1:1, 2a).

Jezi se Lavi Bondye bay

Eske w poko janm poze tèt ou kesyon sa, poukisa nou vin pitit Bondye touswit aprè nou fin aksepte Jezi antre nan kè nou? Se paske “nan li gen lavi” (Jan 1:4).

Nou wè Jezi te patisipe nan fè tout bagay ki gen lavi ladan l (vèsè 3 epi vèsè 10). **16Se ak li Bondye te kreye tou sa ki nan syèl la ak sou latè, sa nou wè ak sa nou pa wè.... 17Kris la te la anvan tout bagay. Se nan li yo tout jwenn plas yo** (Kolosyen 1:16a, 17). Jezi etanke Dye se *sous* tout lavi, li *kenbe* tout lavi. **25Paske se li menm ki bay moun lavi, ki fè yo respire.... 28Paske, se nan li nou gen lavi, se nan li kò nou jwenn mouvman, se nan li nou gen egzistans** (Travay 17:25b, 28a).

Menmjan lèzòm vin yon nanm vivan lè Bondye te souffle souf lavi a nan kò fizik li pandan li t ap kreye l, se konsa Jezi resevwa pouvwa sou tout kò nou, pou li ba nou lavi ki pa janm fini ak tout moun ki vinn jwenn li (Jan 17:2). **Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou. Men, moun ki pa gen Pitit Bondye a, yo pa gen lavi sa a nonplis** (1 Jan 5:12).

Eske ou resevwa deja yon nouvèl vi—yon vi esprityèl—lè ou aksepte Jezi epi mete tout konfyans ou nan non li? Si wi, ou se yon pitit Bondye, ou fèt nan Bondye, epi posede lavi etènèl li a. Plis w ap mache nan limyè li, plis w ap fè eksperyans lavi l nan

lavi w, epi ou pral jwi benediksyon youn aprè lòt (vèsè 16). Si ou poko resevwa l nan lavi w, poukisa ou pa mande l kounyeya pou l vin nan kè w epi ba w yon nouvèl vi—Lavi etènèl pa l la?

Sa poko janm rive w w al ouvri pòt ou pandan ou tande y ap frape l, ou poko janm fè sa? Jezi kanpe bò kote w kounyeya l ap frape nan pòt kè w. **Si yon moun tande vwa m, si l louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li** (Revelasyon 3:20).

LESON 2. JAN BATIS AP PREPARE CHEMEN AN POU JEZI




Jan 1:19-34

¹⁹Men sa Jan Batis te di lè jwif ki lavil Jerizalèm yo te voye kèk prèt ak kèk moun Levi vin mande l ki moun li ye. ²⁰Jan pat refize reponn yo, li di yo kareman devan tout moun: Se pa mwen ki Kris la. ²¹Yo mande li: Ki moun ou ye atò? Ou se Eli? Jan reponn yo: Non, mwen pa Eli. Yo di li: Ou se pwofèt la? Li reponn yo: Non. ²²Lè sa a yo di li: Ki moun ou ye menm? Paske, nou gen

pou n pote yon repons bay moun ki voye nou yo. Ki moun ou di ou ye? ²³Jan reponn: Mwen se vwa nonm k'ap rele nan dezè a: Plani chemen an byen plani pou Mèt la! (Se sa pwofèt Ezayi te di.) ²⁴Gen nan moun yo te voye bò kote Jan yo ki te sòti lakay farizyen yo. ²⁵Yo mande li: Si ou pa ni Kris la, ni Eli, ni pwofèt la, di nou poukisa w'ap batize moun? ²⁶Jan reponn yo: Mwen menm, mwen batize nou nan dlo. Men, nan mitan nou la a, gen yon moun nou pa konnen. ²⁷L'ap vin apre m, men mwen pa bon ase pou m ta demare kòd sapat li. ²⁸Tout bagay sa yo t'ap pase Betani, lòt bò larivyè Jouden, kote Janbatis t'ap batize moun. ²⁹Nan denmen, Jan wè Jezi ki t'ap vin jwenn li, li di: Men ti mouton Bondye a k'ap

wete peche moun sou tout latè.
³⁰Men moun mwen t'ap pale nou an, lè m te di nou gen yon nonm k'ap vin apre m men ki gen plis pouvwa pase m, paske li te la anvan mwen. ³¹Mwen menm, mwen pa te konnen li. Men pou moun Izrayèl yo ka konnen li, se poutèt sa mwen vin fè batèm nan dlo. ³²Jan di yo: Mwen wè Lespri soti nan syèl la sou fòm yon pijon desann sou li. ³³Lè sa a, mwen pa t'ankò konnen ki moun li ye. Men Bondye ki voye m' batize



moun nan dlo a te di m': Moun w'a wè Lespri desann vin rete sou li a, se li menm ki va batize moun nan Sentespri. ³⁴Jan di yo ankò: Mwen wè sa ak je m, se sa ki fè mwen di nou se li ki Pitit Bondye a vre.

Yon bagay pou fè

Ranpli espas vid yo ak mo ki manke a.

1. Jan Batis te di mwen se _____ sila k ap rele nan _____ (23).
2. Jan Batis te site Ezayi, pwofèt la, lè l te di: "Plani _____ an byen _____ pou Mèt la!" (23).
3. Jan te di, menmsi Jezi te dwe _____ aprè li, Jezi te la _____ li (27, 30).
 [Sa vle di menmsi Jan Batis te vin prepare wout la pou Jezi, Jezi se te moun ki pi enpòtan an. Jan te di, li pa menm kalifye, gen valè pou l ta menm retire sandal Jezi nan pye l. Jan te konnen ki valè Jezi te genyen.]
4. Lè Jan t ap prezante Jezi ak moun yo, li te rele l _____ paske li konnen Jezi te ka efase _____ lan (29).
5. Lè Jan te ap batize moun yo, se yon fason pou li te tou

prezante Jezi ak pèp _____ la (31).

6. Jan te konnen Jezi se te pitit Bondye (Bondye fèt tankou moun) paske sentespri desann sòti nan syèl la tankou yon _____ epi poze sou Jezi (32). Aksyon sa se tou yon siy ke Jezi te batize ak _____ (33).

Prepare chemen an pou Jezi

Pandan 400 lane pèp Bondye te chwazi a ki se Izrayèl pa t gen yon pwofèt pou kominike yo mesaj Bondye. Yo te genyen ansyen kontra a pou di yo kondisyon yo ak pwomès Bondye yo. Yo te konnen Mesi a se te yon liberatè Bondye chwazi pou te ka vin gouvènè pèp Izrayèl la. Ezayi te di li gen pou l pase nan vant yon fanm ki vyèj (Ezayi 7:14) epi li dekri l kòm “Emanyèl” (Ezayi 7:14) sa ki vle di “Bondye avèk nou.” Miche te gentan anonse li gen pou l fèt Betleyèm epi se li k ap chèf pèp Izrayèl la (Miche 5:2).

Eske nou pa panse moun yo te sezi epi kontan tande ansèyman Jan Batis yo ki t ap di yo se pou yo prepare pou jou senyè a k ap vini an? Kòman moun yo te ka prepare yo? Matye di nou Jan te preche, **Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l** (Matye 3:2). Anpil moun te batize nan Larivyè Jouden an epi “konfese peche yo.” Ou wè avan kè yo te pare pou resevwa Jezi, yo te pran desizyon pou kite peche (repanti).

Lè mwen menm avèk ou deside kite peche nou, vye konpòtman, vye panse nou ak vye bagay devan Bondye ak lèzòm, nou pare *kounyeya* pou nou rekonèt Jezi kòm gran chemen ki mennen kot Bondye epi nou resevwa l kòm Wa ak Senyè nou. Batèm nan dlo Jan te fè yo se te pou montre kòman peche nou lave. Jezi te gen pou l batize nou ak Sentespri pou efase peche nou ak dife (Matye 3:11, 12) epi pou l ban nou yon lòt lavi ki jis (pwòp lavi Jezi nan nou) Eske ou konfese peche w devan Bondye?

Jezi, ti mouton Bondye a

Pèp Izrayèl la te konnen enpòtans yon ti mouton nan sa ki gen pou wè ant yo ak Bondye. Plizyè syèk avan, lè pitit pèp Izrayèl yo te nan esklavaj an Ejipt, Bondye te touche kè Fararon pou kite pèp la sòti peyi Ejipt pou twouve libète yo. Bondye te itilize 10 malè pou fòse Fararon kite gran pèp sa a ale ki te anviron 2 milyon konsa. Dènye ak pi gwo malè a ap pase sou tè peyi Ejipt la epi touye pandan yon lannwit tout premye pitit gason ak tout premye pitit bèt sou tè Ejipt la.

Men te gen yon mwayen pou bagay sa pa t rive. Tout moun ki te obeyi lalwa Bondye yo te rete vivan. Bondye te pase lòd pou touye yon timouton san defo. Yo te gen pou yo pran san an pou yo pase l sou chanbrann ak sou travès lento pòt kay chak moun. Lè Bondye wè san an sou lento pòt la, l ap sote kay la pou chatiman an pa tonbe sou moun sa yo. Se pa ti bèl plan non! Pitit pèp Izrayèl yo te gen misyon pou kenbe pratik sa fèt pak sa pou yo fete l chak ane depi jou sa rive pou raple yo jou jijman sa Bondye te sote kay yo paske yo te pase san timouton an sou pòt kay yo. (N ap jwenn istwa sa nan Egzòd 12:1-42.)



Se pa ti valè sa genyen lè Jezi te fenk vini nan mond lan kòm timouton! Li te vini pou yo sakrifye l tankou timouton, san defo ak san tach san peche pou san l ki te vèse te ka make sou pòt kè nou epi pou jijman Bondye pou peche nou yo te ka efase. Ebre 9:22 di nou, **...si san pa koule, nanpwen padon pou peche yo.** Levitik 17:11 di, **...Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, ... nou bay san an pou nanm nou.** Tout timouton yo touye pandan ane a prezante bay Jezi kapab devni kòm timouton Bondye pou

vèse san li pou tout moun ki aksepte li kòm sovè kapab gen san sa a make sou chanbrann pòt kè yo. **Anverite moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans yo nan moun ki voye mwen an, l'ap gen lavi etènèl. Yo yo p'ap kondannen li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi (Jan 5:24).**

Ezayi 53:7 lan di **Tankou yon ti mouton y'ap mennen labatwa, li pat janm louvri bouch li di krik.** Jezi te vin mouri pou peche le monn. Poukisa n pa remèsye l byen fò kounyeya paske l se mouton Bondye, ki te vèse san li pou ou epi efase peche ou yo?

Lè Bondye wè san Jezi, li pa wè peche w yo ankò; li sèlman wè sakrifis pafè kris la ki te pran peche nou yo sou do l epi ki te jije nan plas nou. Fè lwanj Bondye.

Eske w libere anba chay peche w?

Gen pouvwa nan san, pouvwa nan san (Jezi);

Eske w ap gen viktw sou sa ki mal?

Gen pouvwa mèveye nan san an.



Sa vle di fè yon sèl ak Bondye paske san Jezi a netwaye nou anba peche nou yo.

LESON 3. APRANN KONNEN JEZI



Jan 1:35-49

³⁵Nan denmen, Jan te menm

kote a ankò ak de nan patizan li yo. ³⁶Li wè Jezi ki t'ap pase, li di: Men ti mouton Bondye a. ³⁷De patizan yo tande sa Jan t'ap di a, yo pran swiv Jezi. ³⁸Jezi vire tèt li gade, li wè yo t'ap swiv li. Li mande yo: Sa n'ap chache? Yo mande li: Ki kote ou rete, Rabi? (Mo rabi sa a vle di mèt.) ³⁹Li reponn yo: Vini non, n'a wè. Y'ale vre. Yo

wè kote l te rete a. Yo pase rès jounen an avè li. (Li te vè katrè konsa nan apremidi.) ⁴⁰Andre, frè Simon Pyè a, te yonn nan de moun ki te tande sa Jan te di a epi ki te swiv Jezi. ⁴¹Premye moun Andre rankontre se te Simon, frè li. Li di li konsa: Nou jwenn Mesi a (ki vle di: Kris la). ⁴²Li mennen Simon bay Jezi. Jezi gade l, li di: Se ou menm Simon, pitit Jan an? Y'a rele ou Sefas. (Se menm bagay ak Pyè, ki vle di wòch.)

⁴³Nan denmen, Jezi te fè lide ale nan peyi Galile. Li jwenn Filip sou wout la, li di li: Swiv mwen. ⁴⁴(Filip te moun lavil Betsayda, kote Andre ak Pyè te rete a.) ⁴⁵Aprè sa, Filip jwenn Natanayèl. Li di li: Nou jwenn moun Moyiz te pale nou nan liv lalwa a, moun pwofèt yo te pale a tou. Se Jezi, moun lavil Nazarèt, pitit gason Jozèf la.

⁴⁶Natanayèl di li: Ki bon bagay ki ka sòti Nazarèt? Filip reponn li: Vini non, w'a wè.

⁴⁷Lè Jezi wè Natanayèl ap vin bò kote l, li di sou li: Men yon moun pèp Izrayèl tout bon. Se yon nonm ki pa gen riz nan li. ⁴⁸Natanayèl mande li: Ki jan ou fè konnen mwen? Jezi reponn li: Anvan Filip te rele ou la, mwen te wè ou lè ou te anba pye fig frans lan. ⁴⁹Lè sa a, Natanayèl di li: Mèt, ou se Pitit Bondye a. Ou se wa pèp Izrayèl la!



Vini wè

De (2) nan disip Jan batis yo te kirye anpil pou yo konnen plis bagay sou Jezi Lè yo te tande Jan di, “Men ti mouton Bondye a!” Yo te deside chache konnen ki kote Jezi te rete. Jezi te envite yo pou yo “Vini wè.” Eske w ka imajine jan konvèzasyon sa te bon lè yo t ap pale ak Jezi a! Yo dwe aprann anpil bagay sou Jezi, paske yon ti tan aprè youn nan yo, Andre, te di frè l la Pyè. Yo jwenn Mesi a!

Mesi a vle di “Moun Bondye wen an”—moun Bondye ta dve voye kòm pwofèt, prèt, e wa pou dirije pèp Izrayèl la. Anpil nan pwofèt ki nan ansyen testaman te pale de moun trè espesyal sa ki t ap vini an. Menm Moyiz te ekri sou li. Bondye te di Moyiz, **M’a chwazi yonn nan yo pou pwofèt, m’a voye l ba yo tankou mwen te voye ou la. M’a mete pawòl mwen nan bouch li. Epi la di pèp la tou sa m’a ba li lòd di yo** (Detewonòm 18:18). Pi devan Jezi te di, **Se sèlman sa Papa a moutre m mwen di** (Jan 8:28b). Ala kontan mesye sa yo te kontan!

Eske w kirye pou konnen Jezi? Eske w vle aprann plis de li? Eske w poze tèt ou kesyon kiyès Jezi ye? Jezi di ou jodi a, “Vini wè” dekouvèt vini nan rechèch. Jezi te di, **Chache, n’a jwenn** (Matye 7:7b). Si ou *vini* jwenn Jezi, w ap wè! Si ou rete avè l epi kite l pale ak ou nan pawòl li, l ap montre w kiyès li ye vrèman. Ou ka konnen li pou tèt ou! **M’ap ba yo konprann pou yo sa konnen se mwen menm ki Senyè a. Lè sa a, y’a yon pèp pou mwen, mwen menm m’a Bondye yo, paske y’ap tounen vin jwenn mwen ak tout kè yo** (Jeremi 24:7).

Temwayaj sou Jezi

Lè yon moun vin jwenn Jezi epi konprann kiyès li ye, l ap vle pale lòt moun de Jezi! L ap vle rakonte lòt moun sa l konnen de Jezi, pou zanmi l yo ka “vini wè” tou. Si w konnen Jezi epi aprann de li, eske w pataje bòn nouvèl la ak yon lòt moun?

Ekri sa Jezi reprezante pou ou:

Mande Bondye chans pou pataje temwayaj ou ak yon lòt moun jodia, konsa moun sa ap kapab “vini wè.”

LESON 4. JEZI POTE LA JWA NAN YON MARYAJ



Jan 2:1-11

¹De jou apre sa, te gen yon maryaj lavil Kana nan peyi Galile. Manman Jezi te la, ²yo te envite Jezi ak disip li yo nan nòs la tou. ³Rive yon lè, pa te gen diven ankò. Manman Jezi di li konsa: Diven moun yo fini wi. ⁴Men Jezi reponn li: Nan kisa mwen ye avè ou, madanm? Lè pa m lan poko rive. ⁵Lè sa a, manman Jezi di moun ki t'ap sèvi yo: Fè tou sa l di nou fè. ⁶Te gen sis gwo ja fèt an wòch ki te sèvi pou jwif yo

lave kò yo dapre koutim yo. Yo te gwo ase pou chak te kenbe ven trant galon konsa. ⁷Jezi di moun ki t'ap sèvi yo: Plen ja yo dlo. Yo plen yo ra bouch. ⁸Lè yo fini, Jezi di yo: Pran ti gout nan dlo sa a, pote bay chèf kanbiz la gout. Yo pote ti gout bay chèf kanbiz la. ⁹Chèf kanbiz la gout dlo ki te tounen diven an. Li pat konnen ki bò diven sa a te sòti. (Men, domestik yo ki te pran dlo a te konnen.) Li rele nonm ki t'ap marye a, ¹⁰li di li konsa: Tout moun sèvi pi bon diven an anvan. Se apre tout envite yo fin sou, se lè sa a yo sèvi diven ki pa twò bon an. Men ou menm, ou te sere pi bon diven an. Se kounyeya w'ap sèvi l. ¹¹Se konsa Jezi te fè premye mirak li lavil Kana nan peyi Galile. Li te fè wè pouvwa li. Sa te fè disip li yo kwè nan li.

Yon bagay pou fè

Ranpli espas vid yo ak mo ki nan leson an.

1. Manman Jezi di sèvitè yo, “_____” (vèsè 5).

2. Lè Jezi te di sèvitè yo pou ranpli vaz yo, “_____” (7).

Obeyisans se kle pou gen lajwa

Manman Jezi ka pa t janm wè Jezi te fè yon mirak avan sa. Men li te konnen Jezi t ap fè *yon bagay* pou ede kanmenm.

Petèt ou se yon kretyen. Eske gen bagay ou “manke”? Eske pasyans ou bout avan lè? Eske kè ou pa gen la jwa oubyen lanmou nan moman sa? Jezi ka wè sa w bezwen, kelkeswa sa li ye. Li vle beni lavi w ak yon mirak! Li pa vle w janm jennen nan vi kretyèn ou, nan pa gen ase lajwa, lapè ak lanmou pou dire tout jounen an.



Li te pwomèt: **Men, moun ki mete konfyans yo nan li p'ap janm sòti wont** (Women 9:33b). *Men gen yon sekrè ou dwe konnen!* Obeyisans se kle pou benediksyon. **Fè tou sa I di nou fè** (Jan 2:5). Lè nou obeyi, Jezi ka fè yon mirak. Obeyisans montre nou vrèman fè li konfyans.

Si yon moun fè w mal, eske w padone moun sa (Matye 6:14, 15)? Eske w anpile richès nan syèl la (Matye 6:20)? Petèt ou panse ou pa kontribye nan travay Bondye. Men Jezi konnen bezwen w yo. Mete konfyans ou nan li pandan w ap obeyi I (Malachi 3:10b).

Se pou nou ranpli ak Sentespri, se sa Bondye di w jodia (Efezyen 5:18). Okenn kretyen pa ka atann pou I viv yon vi ranpli ak lajwa si I pa kite Bondye ranpli I ak I Sentespri I chak jou.

Sa ka rive ou pa yon kretyen. Sa ka rive lavi pa gen sans pou ou. Ou menm tou, ou kapab obeyi kòmandman Jezi a. Vin jwenn li wa gen lavi pa I la—an abondans. Jezi te di: **Mwen menm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen I an kantite** (Jan 10:10b).

Sèvitè yo te obeyi *totalman*. Yo pa t mete po dlo yo ni a mwatye, ni prèske plen. Yo te plen yo: “rabouch.” Obeyi Bondye avèk tout kè ou pote lajwa ak benediksyon. **²³Nenpòt travay yo ban nou fè, fè I ak tout kè nou tankou si se pa pou lèzòm nou t'ap travay, men pou Senyè a.** **²⁴Chonje byen: Senyè a gen pou ban nou rekonpans nou: l'ap ban nou eritaj li sere pou moun pa I yo.**

Paske, mèt n'ap sèvi tout bon an se Kris la (Kolosyen 3:23, 24).

Eske gen yon bagay ke Jezi te pale avè w ke w ou ta dwe fè nan obeyisans? Poukisa w pa fè l jodia?

Lè disip yo te wè mirak ki te fèt la, lafwa yo te ogmante—yo “te vin kwè nan li.” Lè ou obeyi pawòl Bondye epi wè sa l fè, lafwa ou ap grandi tou. Lafwa se tankou chè nan kò nou, li pi fò lè w itilize li, lè w fè egzèsis. An nou chwazi mache nan lafwa chak jou. **Moun Bondye fè gras paske li gen konfyans nan Bondye, se li menm ki va gen lavi** (Women 1:17b).

LAFWA = Abandone tout bagay, mete konfyans nan li.

LESON 5. JEZI PWÒPTE TANP LAN



Jan 2:13-22

¹³Fèt Pak jwif yo te vanse rive. Se konsa, Jezi moute Jerizalèm. ¹⁴Li jwenn yon bann moun nan tanp lan ki t'ap vann bèf, mouton ak pignon. Gen lòt menm ki te chita deyè tab yo ap chanje lajan. ¹⁵Li pran kòd li kòde fè fwèt. Epi li tonbe chase

moun yo deyò nan Tanp lan, ak tout mouton yo, tout bèf yo. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo, li jete tout kòb yo atè. ¹⁶Li di moun ki t'ap vann pignon yo: Demaske nou, fè m' pa wè bagay sa yo la a! Pa fè kay Papa m' lan tounen yon boutik. ¹⁷Disip li yo vin chonje pawòl sa yo ki te ekri nan Liv la: O Bondye, mwen sitèlman renmen kay ou a, mwen santi se tankou yon dife k'ap boule tout anndan mwen. ¹⁸Jwif yo mande li: Ki mirak ou ka fè pou moutre nou ou gendwa fè sa w'ap fè la a? ¹⁹Jezi reponn yo: Kraze tanp sa a kounyeya. Nan twa jou m'ap rebati l ban nou. ²⁰Jwif yo di li: Yo pran karannsizan

pou yo bati tanp sa a, pou ou menm, pou ou ta pran twa sèl jou pou rebati li? ²¹Men Jezi li menm, lè l t'ap di mo tanp lan se pwòp kò li li te gen nan tèt

li. ²²Lè Jezi leve sòti vivan nan lanmò, disip li yo vin chonje li te di sa. Se konsa yo te kwè sa ki te ekri nan Liv la ansanm ak tout pawòl Jezi te di yo.

Sa Jezi te konnen

Eske w sonje sa “fèt Pak” vle di? Nou te pale de li nan paj 10 la. Jezi te monte Jerizalèm pou fèt Pak la. Ala yon vizyon etonan. Li te wè nan tanp lan! Li pa t sanble ni li pat tankou yon kote pou w adore Bondye ni yon kote pou konfòtab ak Bondye. Se te tankou yon plas mache okipe! Prezans Bondye te byen lwen. Jezi te fache anpil.

Se vre pèp la te bezwen achte bèt pou itilize pou fè sakrifis pou Bondye, men machann yo t ap twonpe moun nan vann twò chè. Anplis yo te vann bèt yo anndan tanp lan menm! Se pa etonan Jezi te chase yo tout sòti nan tanp lan! Sa ekri nan Mak 11:17 kote li te di, **Men sa ki ekri, pa vre: Y'a rele kay mwen an kay kote moun tout nasyon ka vin lapriyè. Men nou menm, nou fè l tounen yon kachèt pou vòlò.**

Jezi te di chèf jwif yo ke dwa li genyen pou l netwaye tanp lan ap pwouve lè yo t ap detwi tanp lan. Li menm, Jezi, t ap leve l nan twa jou! Yo te sezi, paske yo pa t konnen ke Jezi t ap pale de pwòp kò li. Jezi te konnen ke chèf jwif yo t ap kloure l sou yon kwa. Li te konnen tou aprè twa jou yo fin kloure l sou kwa l ap leve vivan sòti nan lanmò.

Kò Jezi se te tanp Bondye

Kèk ane avan, bèl tanp Salomon te bati a te “plen ak glwa Seyè a.” Men, paske nasyon Izrayèl la te sèvi fo bondye, glwa Seyè a te kite tanp lan, li te detwi. Kèk tan aprè, moun ki te vle tounen vin jwenn Bondye te konstwi tanp lan ankò. Lè sa a, Bondye te di: **Yo pral pote tout richès yo isit la, yo pral plen kay sa a**

ak bèl bagay. Se Senyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa (Aje 2:7b). Kounye a, Jezi te vin nan tanp lan pou l netwaye !! Isit la li te, menm reklame pwòp kò li se tanp Bondye a!


Tou sa Bondye ye pran kò nan Kris la (Kolosyen 2:9).

Li te parèt tankou yon moun (1 Timote 3:16b).

Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. Y'a rele l Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.) (Matye 1:23).

Pa gen pouvwa nan lemond ki te konnen bon konprann sa a. Si yo te konnen l, yo pa ta kloure Senyè ki merite lwanj la sou kwa a (1 Korent 2:8). Sonje jan Jezi te kòmanse montre glwa li nan leson 4 la (Jan 2:11)? Chèf jwif yo pa t konnen Bondye ki gen tout pouvwa te pami yo, nan Jezi, epi te gen tout rezon pou netwaye tanp li!

Ki kote Tanp Bondye ye jodi a?



Eske nou pa konnen se tanp Bondye nou ye, se Lespri Bondye ki rete nan nou? (1 Korent 3:16).

Jezi abite nan chak moun ki aksepte l toutbon, pa mwayen sentespri, nan kè !! *Kò nou se tanp Bondye!* Ala yon bèl panse. **¹⁹Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan lavi nou! Sentespri Bondye ban nou an! Nou pa mèt tèt nou ankò. ²⁰Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye** (1 Korent 6:19, 20).

Ala enpòtan li enpòtan pou nou, pou n viv yon vi ki sen! Nou pa dwe janm fè peche ak kò nou, paske si nou te resevwa Kris la nan lavi nou, Lè sa a, nou ansanm ak li epi nou dwe rete fidèl ak li. Bondye gen tout dwa pou l netwaye tanp li a. Li gen tout dwa pou netwaye tout sa ki nan lavi nou ki pa fè l plezi. An n toujou lage kò nou nan pwòpte li. Li netwaye nou pa mwayen Pawòl Li a.

Kisa jenn gason dwe fè pou li mennen bak li dwat? Se pou li toujou mache jan ou vle li mache a (Sòm 119:9).

Si nou rekonèt peche nou devan Bondye, nou mèt gen konfyans nan li. L'ap fè sa ki dwe fèt la: l'a padonnen tout peche nou, l'a netwaye nou anba sa ki mal (1 Jan 1:9).

Men, si n'ap viv nan limyè menm jan li menm Bondye li nan limyè, lè sa a se tout bon n'ap viv ansanm yonn ak lòt. Jezi, Pitit Bondye a, va netwaye nou ak san li anba tout peche nou yo (1 Jan 1:7).

Bondye pa sèlman fè chak grenn kretyen tanp li, men tou tout kretyen ansanm yo rele “kò Kris la.” **Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la (Women 12:5a). Se li ki tèt legliz la. Legliz la se kò li Kolosyen (1:18a).**

²⁰Jezikri menm ki gwo wòch ki kenbe kay la kanpe a. ²¹Se li menm ki kenbe tout kò kay la kanpe byen fèm, ki fè l grandi pou l tounen yon sèl kay yo mete apa pou Bondye. ²²Konsa, nou menm tou avèk lavi n'ap mennen nan Kris la, nou antre nan batisman sa a pou nou fè ansanm ak lòt yo yon sèl kay kote Bondye ap viv ak pouvwa Sentespri li (Efezyen 2:20b-22). Se pa ti valè chak moun Bondye ap viv nan li a gen valè! Nou dwe asire nou, nou trete lòt kretyen ak anpil tandrès ak lanmou. Se menm jan nou trete yo, nou vrèman trete Kris la.

Ann di ak Pòl, **Pou...lèzòm ka wè pouvwa Kris la nan mwen, kit mwen vivan, kit mwen mouri (Filipyen 1:20b).**

Se pou nou asire ke tanp kò nou se kote pou lapriyè, kote pou nou pale ak Bondye chak jou epi kote nap santi prezans li. Pa janm kite yo tounen yon “kachèt pou vòlè,” kote sousi ak plezi nan lavi sa a diminye glwa Bondye.

LESON 6. JEZI DI YON LIDÈ KOMAN POU L FÈT YON DEZYEM FWA



Jan 3:1-8, 14-21, 36

¹Te gen yon nonm nan pati farizyen yo. Se te Nikodèm. Li te yonn nan lidè jwif yo. ²Yon jou, li vin kot Jezi lannwit epi li di li: Mèt, nou kwè se Bondye menm ki voye ou anseye nou. Paske pyès moun pa ka fè tout mirak sa yo si Bondye pa avèk li. ³Jezi reponn li: Anverite sa m'ap di ou la a se vre: Pesonn pa kapab nan wayòm Bondye a si li pa fèt yon lòt fwa. ⁴Nikodèm di li: Kijan yon nonm ki fin granmoun ka rive fèt yon dezyèm fwa? Eske li ka retounen nan vant manman li pou li refèt ankò. ⁵Jezi reponn li: Anverite sa m'ap di ou la a se vre: Pesonn pa ka antre nan wayòm Bondye a si li pa pran

nesans selon lèzòm epi selon Sentespri Bondye. ⁶Se ki ne selon lèzòm se lachè lèzòm li ye. Sa ki ne selon Sentespri se nan Sentespri li soti. ⁷Pa sezi si mwen di ou: se pou nou fèt yon dezyèm fwa. ⁸Van an soufle jan li vle. Ou tande bri li. Ou pa konn kote li soti ni kote li prale. Se menm jan an tou pou moun ki fèt nan Sentespri Bondye.

¹⁴Menm jan Moyiz te pandye byen wo nan dezè a, sèpan li te fè a, konsa tou fòk yo leve byen wo Moun Bondye voye nan lachè a. ¹⁵Tout moun ki mete konfyans yo nan li va gen lavi ki p'ap janm fini an.

¹⁶Bondye sitèlman renmen lèzòm, li bay sèl pitit li a pou yo. Konsa, moun ki mete konfyans yo nan li, yo p'ap peri. Okontrè, y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. ¹⁷Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l te kapab delivre yo.

¹⁸Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a, yo p'ap kondannen. Men moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen. Paske yo pa mete konfyans yo nan sèl Pitit Bondye a. ¹⁹Men ki bò kondannasyon an sòti pou

yo: limyè a te vini nan lemond, men lèzòm te pito fènw a pase limyè a, paske sa y'ap fè a mal.

²⁰Lè yon moun ap fè sa ki mal, li pa vle wè limyè a, li p'ap vini kote limyè a ye, paske li pè pou move zak li yo pa parèt aklè.
²¹Men, moun ki fè sa ki bon vre, se nan limyè a menm l'ap vini,

pou moun ka wè aklè se obeyi l'ap obeyi Bondye nan sa l'ap fè a.

³⁶Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki dezobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo.

Yon bagay pou fè

A. Ranpli espas yo ak mo kòrèk ki sòti nan leson an.

1. Nikodèm se te yon _____ jwif yo (vèsè 1). Li te vin bò kot Jezi nan _____ (2).

[Jezi enterese nan chak moun, pòv ou rich, edike ou inyoran.]

2. Nikodèm te panse Jezi se yon _____ ki sòti nan Bondye (2).

3. Jezi te di pou kapab wè peyi kote Bondye wa ou dwe _____ (3).

4. Pyès moun pa ka antre nan Peyi kote Bondye Wa a si li pa fèt nan _____ epi selon _____ (5).

[Pou Nikodèm, dlo te vle di netwayaj. Nan Leson 2 a nou te wè Jan Batis te batize ak dlo moun yo ki te vire do bay peche epi konfese peche yo (repantans). Jezi te vini pou l batize nan Lespri Sen an epi pou l bay moun yon nouvo lavi. Pou n antre nan wayòm Bondye a, nou dwe dakò vire do bay peche nou yo ansanm ak resevwa lavi Lespri Bondye a nan kè nou.]

5. Sa ki ne selon lèzòm se _____ (6).

[Tèm lachè a pa sèlman fè referans ak kò fizik nou, men li fè referans tou ak tout dezi lòm nan nati egoyis nou (Women 8:8, 9).]

6. Sa ki fèt nan Sentespri se _____ (6)

[Lè nou fèt fizikman nan yon fanmi ki sou tè a, nou menm tou

nou gen kò. Lè lespri nou fèt nan Bondye, nou menm tou nou gen yon lespri ki vivan e ki kapab konprann bagay espiyèl Bondye yo (1 Korènt 2:12, 14).]

7. Pitit Gason lòm nan (Jezi) te dwe leve (kloure sou yon kwa) menm jan _____ leve _____ nan dezè a (14).

8. Rezon Jezi te vini se paske Bondye _____ lèzòm. Nenpòt moun ki kwè nan Jezi pap _____, men y'ap gen _____ ki pap janm fini an (16).

9. Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou _____ lèzòm (menmsi li pral jije lèzòm yon jou); li te voye pitit li a sou la tè pou l' te kapab _____ yo (17).

10. Yon moun ki mete konfyans yo nan pitit Bondye a yo pap _____. Yon moun kondane sèlman lè li pa _____ nan Jezi (18).

11. Limyè te vini nan mond lan, e lèzòm te pito _____ pase _____ paske sa y ap fè a _____ Jezi rele sa _____ (19).

[Kondanasyon vle di jijman ki pap janm fini e separasyon ak Bondye.]

12. Moun ki fè _____ se nan limyè a menm l ap vini (21).

[Se pa moun ki fè sa ki byen ki vin nan limyè a. **Nanpwen yonn ladan yo k'ap fè sa ki byen. Non, pa menm yon sèl** (Women 3:12b). Moun sa ki fè sa ki byen an a se moun ki konfese verite peche l epi l'ap resevwa pirifikasyon Bondye a. **Si nou rekonèt peche nou devan Bondye, nou mèt gen konfyans nan li. L'ap fè sa ki dwe fèt la: l'a padonnen tout peche nou, l'a netwaye nou anba sa ki mal** (1 Jan 1:9).]

B. Soulinye vèsè sa yo nan leson 6 la (oubyen ekri yo nan yon ti kat), epi kenbe yo pa kè.

Jan 3:16 epi Jan 3:36

Kisa sa vle di fèt yon dezyèm fwa

Fèt yon dezyèm fwa se fèt “sòti anwo,” pou rekòmanse viv ankò, avèk yon *nouvo* kòmansman. Sòti nan vant yon manman se fè moun vin manm nan fanmi lèzòm. Fèt esprityèl se fè moun vin manm fanmi Bondye. Sentespri fè travay li nan nou, nou wè chanjman yo parèt deyò. N ap pran Kòm egzanp, yon moun ki te konn volè pa volè ankò. Se menm jan lè van ap soufle. Nou pa ka wè van, men nou ka wè sa li fè.

Yon moun lespri l pa fèt nan Bondye se yon moun ki “mouri” esprityèlman (Efezyen 2:1, 5). Netwayaj peche vini avantou de lanmò Jezi Kri ak Lanmò de jan nou t ap viv avan. Epi Sentespri fè nou vivan ak nouvo lavi a—lavi nan rezirèksyon Kris la. Tou de nesesè pou antre nan wayòm Bondye a. Nouvo nesans pran plas lè Lespri Sen an (Lespri Jezi a li menm) an reyaleite antre epi ap viv nan kò nou. **Si yon moun pa gen Lespri Kris la nan li, li pa pou Kris la** (Women 8:9b).

Nou eritye nati Kris la (2 Pyè 1:4): nouvo atitid, yon nouvo pouvwa volonte nou, yon nouvo lide pou konprann Ekriti yo.

Eske w menm jan ak Nikodèm? Sa ka rive ou se yon moun ki relijye. Oubyen ou se yon moun ki obeyi tout lalwa yo. Ou kapab se yon lidè. Men èske w janm rive fèt yon dezyèm fwa, anwo, pa mwayen Sentespri pou ka vin yon kreyati nouvo? **Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo kounyeya** (2 Korent 5:17).

Si ou poko fèt yon “dezyèm fwa” poukisa w pa vin jwenn Jezi kounye a menm Jan Nikodèm te fè? Mande Jezi pou l vini nan lavi w pou ka gen yo nouvo lavi epi pou ka fè pati fanmi Bondye a. **Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou. Men, moun ki pa gen Pitit Bondye a, yo pa gen lavi sa a nonplis** (1 Jan 5:12).

Moyiz nan dezè a

Byen lontan anvan, lè pitit Izrayèl yo t ap viv nan dezè sou direksyon chèf yo, Moyiz, yo plenyen epi yo te pale mal kont



Bondye ak kont Moyiz. Yo plenyen sou fason Bondye t ap aji pou yo. Se konsa, Bondye voye sèpan (koulèv) nan mitan pèp la pou mòde yo. Anpil moun te mouri. Pèp la te vin jwenn Moyiz epi yo te konfese peche yo. Yo sipliye Moyiz pou l priye Bondye pou l ka retire sèpan yo. Bondye te reponn priyè yo nan yon fason diferan. Li di Moyiz pou l fè yon sèpan an bwonz epi li mete l sou yon poto. Nenpòt moun ki te gade sèpan an

sa a, menmsi se te yon koulèv ki ta touye moun ki ta mòde l, lap viv. (Istwa sa a jwenn nan Nonb 21:4-9.)

Peche se tankou lè sèpan mòtèl mòde w. Nou ap mouri menm jan, si nou pa leve tèt nou gade Jezi ki te fè tèt li pase kòm pechè pou nou (menm ke li pa t janm fè peche, li menm). Anpil moun te mouri nan dezè a. Sèlman moun ki te leve tèt yo gade ki te jwenn gerizon. Jezi te avèti Nikodèm li menm tou, ap peri si li pa fikse je l sou Jezi pou l resevwa yon nouvo lavi.

Tankou lèzòm t ap gade sèpan “ki mouri a” epi yo t ap viv, lèzòm dwe fikse je yo sou Sila a ki pran peche mond lan sou tèt li, ki te kloure sou kwa a, (Jan 12:32, 33). Gade epi viv! Yo pa t bezwen konprann “ki jan” li te geri yo pou yo gade sèpan an Bwonz lan. Tout sa yo te dwe fè se jis obeyi avèk lafwa. Epi li te travay!

Gade epi viv, frè m, viv!

Fikse je w sou Jezi kounyeya epi viv.

Sa ekri nan pawòl li, alelouya!

Se sa sèlman ou “gade epi w ap viv.”

Vini nan limyè a

Lè nou vin jwenn Kris la, peche nou parèt klè paske Jezi se limyè toutbon an (Jan 1:9). Fènwa kache verite, men limyè montre kòman tout bagay ye tout bon.

Moun ki chwazi pa vin nan limyè Bondye a te chwazi kenbe peche l yo epi li pa kite pou Bondye chanje l. Moun k ap viv nan peche *deja* ap fè wout pou lanfè. Li bezwen Kris pou l chape. Moun ki san Jezi yo anba kòlè Bondye kounyeya (Jan 3:36), men moun ki resevwa Kris la kòmanse menm lavi li pral genyen nan syèl la—lavi etènèl Bondye a. **⁵Men nou te tande nan bouch Jezikri a, nou vèl m'ap fè nou konnen an: Bondye se limyè. Pa gen fènwa nan Bondye. ⁶Si nou di n'ap viv ansanm ak li, pou anmenmtan n'ap viv nan fènwa, n'ap bay manti ni nan sa n'ap di, ni nan sa n'ap fè. ⁷Men, si n'ap viv nan limyè menm jan li menm Bondye li nan limyè, lè sa a se tout bon n'ap viv ansanm yonn ak lòt. Jezi, Pitit Bondye a, va netwaye nou ak san li anba tout peche nou yo (1 Jan 1:5-7).**

Lè yon nonm vle vin sen, li dakò pou peche l yo parèt a klè epi padonnen. Donk vini jwenn Jezi se yon kesyon de vi ou de mò. Desten w depann de sa w fè ak limyè a. Eske w vin Jwenn li? Oswa eske w kache pou li?



**Mwen te resevwa lavi
nan Jezi!**

Non

Dat

LAFWA + PAWOL BONDYE (JEZI) = LAVI ETÈNÈL

LESON 7. JEZI OFRI DLO KI BAY LAVI A



Jan 4:5-42

⁵Li rive nan yon bouk Samari yo rele Sika, toupres moso tè Jakòb te bay Jozèf, pitit gason l lan. ⁶Se la pi Jakòb la te ye. Jezi menm te bouke, vwayaj la te fatige l anpil. Li chita sou rebò pi a. Li te bò midi konsa. ⁷Yon fanm peyi Samari vin pou tire dlo. Jezi di l konsa: Tanpri, ban m ti gout dlo pou m bwè. ⁸(Disip li yo te ale lavil la achte manje.) ⁹Fanm Samari a di Jezi konsa: Kouman? Se pa jwif ou ye? Ki jan ou fè mande m dlo pou ou bwè, mwen menm ki moun Samari? (Paske, jwif yo pat gen rapò ak moun Samari.) ¹⁰Jezi reponn li: Si ou te konnen kado Bondye bay la, si ou te konnen ki moun k'ap mande ou ti gout dlo a, se ou menm atò ki ta mande li ba ou ti gout dlo. Lè sa a, li ta ba ou nan dlo ki bay lavi a. ¹¹Fanm lan di li: Mesye, ou pa gen veso pou tire dlo. Epitou, pi a fon anpil. Ki bò

pou ou ta jwenn dlo ki bay lavi sa a? ¹²Se Jakòb, zansèt nou ki te ban nou pi sa a. Li te bwè ladan li. Tout pitit li yo, tout bèt li yo, se la yo te bwè tou. Eske ou vle di ou pi gran pase Jakòb ki te ban nou pi a? ¹³Jezi reponn li: Tout moun ki bwè dlo sa a gen pou l swaf dlo ankò. ¹⁴Men, moun ki va bwè nan dlo m'ap ba li a, li p'ap janm swaf dlo ankò. Paske, dlo m'ap ba li a ap tounen yon sous dlo nan li k'ap ba li lavi ki p'ap janm fini an.

¹⁵Fanm lan di l: Tanpri, mesye, ban m ti gout nan dlo sa a non pou m bwè, konsa mwen p'ap janm anvè bwè dlo ankò, mwen p'ap bezwen tounen isit la vin tire dlo. ¹⁶Jezi di l konsa: Ale rele mari ou. Apre sa, tounen vin jwenn mwen isit la. ¹⁷Fanm lan reponn: Mwen pa gen mari. Jezi di l konsa: Ou gen rezon di ou pa gen mari. ¹⁸Paske, ou pase senk mari deja. Epi nonm k'ap viv avè ou kounyeya, se pa mari ou li ye. Ou pa ban m manti. ¹⁹Lè sa a, fanm lan di l: Gen lè ou se yon pwofèt, mesye? ²⁰Zansèt nou yo nan peyi Samari te sèvi Bondye sou mòn sa a. Men nou menm jwif, nou di: Sèl kote pou moun sèvi Bondye, se lavil Jerizalèm.

²¹Jezi reponn li: Madanm, ou mèt kwè mwen. Lè a pral rive, se pa ni sou mòn sa a, ni lavil Jerizalèm pou n sèvi Papa a. ²²Nou menm, moun Samari, nou pa konnen sa n'ap sèvi a. Nou menm jwif, nou konnen sa n'ap sèvi a, paske moun k'ap vin pou sove a, se nan mitan jwif yo l'ap sòti. ²³Men, lè a ap rive, li rive deja: tout moun k'ap sèvi tout bon yo pral sèvi Papa a nan kè yo jan sa dwe fèt. Se moun konsa Bondye vle pou sèvi li. ²⁴Bondye, se Lespri. Fòk tout moun k'ap adore li, adore sou gid Sentespri a ak nan laverite. ²⁵Fanm lan di: Mwen konnen Sovè a, moun yo rele Kris la, li gen pou li vini. Lè l'a vini, l'a esplike nou tout bagay. ²⁶Jezi reponn li: Mwen menm k'ap pale avè ou la a, mwen se Kris la.

²⁷Lè sa a, disip Jezi yo vin rive. Yo te sezi wè l ap pale ak yon fanm. Men, yo yonn pa mande l: Kisa ou gen avèk li? Osinon: Poukisa w'ap pale avè li? ²⁸Fanm lan menm kite krich dlo a la, li tounen l'al lavil la. Li di moun yo: ²⁹Vini wè yon nonm ki di m tou sa m fè. Eske nou pa kwè se Kris la? ³⁰Moun yo sòti lavil la, yo vin jwenn Jezi.

³¹Disip yo menm, bò pa yo,

yo te cho nan kò Jezi pou li manje. Yo t'ap di li: Tanpri, Mèt, pran kichòy non! ³²Men, li reponn yo: Mwen gen pou m manje yon manje nou pa konnen. ³³Lè sa a, disip yo yonn pran mande lòt: Gen lè yon moun pote manje ba li. ³⁴Jezi di yo: Manje pa m, se fè volonte moun ki voye m lan. Se pou m fin fè travay li ban m fè a. ³⁵Nou menm, nou di: Nan kat mwa ankò, nou pral fè rekòt. Enben, mwen menm, mwen di nou: Pwonmennen je nou gade jaden yo byen. Rekòt yo gentan pare, yo bon pou ranmase. ³⁶Yo gentan peye moun k'ap ranmase rekòt la, l'ap anpile grenn yo pou lavi ki p'ap janm fini an. Se konsa, moun k'ap simen an kontan. Moun k'ap ranmase a kontan tou ansanm avèk li. ³⁷Sa pawòl la di a, se vre wi: Moun ki simen an, se pa li ki ranmase. ³⁸Mwen voye nou ranmase nan yon jaden



nou pat travay. Se lòt moun ki te travay li. Men, se nou menm k'ap pwofite travay yo.

³⁹Anpil moun Samari ki te rete nan Sika te kwè nan Jezi poutèt sa madanm lan te di yo: Li di m tou sa m fè. ⁴⁰Se konsa, lè yo rive bò kote li, yo mande l pou l rete avèk yo. Jezi pase de jou nan lavil la. ⁴¹Te gen anpil

lòt moun ankò ki te kwè nan li, poutèt sa Jezi menm t'ap di yo. ⁴²Yo di fanm lan: Si koulyeya nou kwè, se pa sèlman poutèt sa ou te rakonte nou an non, men tou se paske nou tande li, nou menm menm, ak pwòp zòrèy nou. Nou vin gen konviksyon se li menm vremanvre ki Sovè lemonn lan.

Yon bagay pou fè

A. Reponn kesyon ki nan leson an.

1. Kisa Jezi te santi ki montre nou ke li se te yon imen toutbon vre? (vèsè 6) _____

2. Kisa Jezi te di fanm peyi Samari a? (7) _____

3. Poukisa fanm Samari a te etone ke Jezi t ap pale avèk li? (9) _____

[Moun peyi Samari yo se te desandan jwif ak etranje ki marye ak jwif. Yo pat sèlman adore Bondye pèp Izrayèl la men yo te adore fo dye tou. Lè vrè jwif yo te rebati tanp yo nan Jerizalèm, yo pa t kite moun peyi Samari yo ede yo. Men, Jezi te toujou enterese nan chak moun; li te enterese nan bezwen chak moun, menmsi se pa koutim pou yon gason jwif pale ak yon fi an piblik.]

4. Kisa Jezi t ap bay fi a si l te konnen kisa pou l mande? (10) _____

5. Ki diferans ki genyen ant bwè dlo pi ak bwè dlo Jezi te bay la? (13, 14) _____

6. Kisa Jezi te konnen de fanm sa? (18) _____

[Jezi konnen peche kache *chak moun* pami nou.]

7. Lè Jezi t ap montre fanm lan konn peche l, ki sijè fanm lan te kòmanse pale? (20) Li te pale sou kote moun yo dwe _____.

[Moun peyi Samari yo te konn adore nan pwòp tanp yo nan mòn Garizim. Yo te kwè nan sèlman senk (5) premye liv ki nan ansyen testaman an. Eske ou pi renmen diskite de “relijyon” olye ou chèche konekte ak Bondye pito?]

8. Kòman vrè adoratè yo adore Papa? (23) _____

[Pou nou ka adore Bondye toutbon, nou dwe fèt selon lespri a.]

9. Lè fanm nan te reyalize kiyès Jezi te ye toutbon, kisa l te fè? (28, 29) _____

10. Kisa ki te satisfè Jezi menm jan ak manje? (34) _____

11. Kiyès moun peyi Samari yo te kwè Jezi te ye? (42)

B. Aprann vèsè sa pakè: **Jan 4:24**

Kòman lafwa grandi

Eske se pa entèresan pou n wè kòman fanm samari a vin konnen epi kwè plis konsènan Jezi plis l ap pale avè l? **Gade vèsè 9 lan.** Nan komansman an dyalòg la, li pran Jezi pou yon Jwif k ap pale saj avè l. **Gade vèsè 11 lan.** Li vin gen plis respè pou li, li rele l “mesye.” **Gade vèsè 19 lan.** Jezi tèlman te konn anpil bagay sou dam nan, li vin panse kounye a, Jezi ka se yon pwofèt. **Gade vèsè 29 lan.** Li vin kwè Jezi se Kris la, Mesi yo te pwomèt la.

Plis nou kite Jezi pale avèk nou atravè pawòl li, se plis la fwa nou nan li ap grandi tou! **Konsa, se lè ou tande mesay la ou vin gen konfyans. Mesay la, se pawòl Kris la y'ap anonse** (Women 10:17).

Kisa dlo vivan ye?

Fanm Samari a te panse li t ap yon bèl bagay si li pa t ap gen pou l plonje ti bokit li a nan pi Jakòb la. Nivo dlo a te 90 pye anba. Men, Jezi pa t ap pale de dlo natirèl. Jezi t ap pale de satisfaksyon li te kapab ba li pou l sispann swaf san li pa t janm sispann renmen plezi pou peche. *Dlo vivan* li pale de li a se kado lavi etènèl la—pwòp lavi pa l. Prentan k ap *koule* a se lajwa ak lapè ki debòde nou ka jwenn lè nou ranpli ak Sentespri li!

Fanm nan vle dlo a, men Jezi te vle konsyans li touche l. Li dwe konfese peche l epi dwe *dispoze* pou vire do ba li avan l ka resevwa dlo vivan nan men Jezi.

Kisa istwa sa anseye sou lè w ap travay pou Bondye

1. *Tout* moun bezwen tande levanjil la epi kwè nan Kris la pou yo ka sove. Nou pa dwe trete pyès moun kòm yon moun ki rejte oubyen ki pa akseptab. Jezi pa t konn trete moun konsa.

2. “Jaden” espirityèl yo nan monn nan mi epi yo pare pou yo rekòlte. Nou bezwen leve tèt nou gade pou n wè konbyen moun ki bò kote nou ki grangou pou laverite a epi ki pare pou resevwa li.

3. Yon moun ka simen (pale lòt moun de Jezi, anseye pawòl Bondye). Yon lòt moun ka rekòlte (tankou priye ak yon moun ki aksepte Jezi). Nou dwe gen volonte pou n fè youn nan sa yo. Moun ki mete semans lan epi moun ki rekòlte a, tou de moun sa yo ka gen kè kontan.

4. Lè nou fè volonte Bondye epi *fini* travay nou chak jou, sa ban nou yon satisfaksyon ki depase sa manje ka bay.

5. Menmsi li enpòtan pou nou *pale* zanmi nou yo de Jezi, nou bezwen tou *mennen yo ba li pou yo konnen li pou tèt yo*.

LESON 8. JEZI GERI PITIT YON GWO FONKSYONÈ



Jan 4:46-53

⁴⁶Aprè sa, Jezi tounen vin Kana nan Galile, kote li te fè dlo tounen diven an. Nan lavil la te gen yon gwo fonksyonè leta ki te gen yon pitit gason l ki te malad nan yon lòt lavil yo rele Kapènawòm. ⁴⁷Lè li vin konnen Jezi te sòti peyi Jide vin nan peyi Galile, l'al jwenn li,

li mande l pou l'al Kapènawòm geri pitit li a ki te prèt pou mouri. ⁴⁸Jezi di l konsa: Si nou pa wè mirak ak bèl bagay, nou p'ap janm kwè. ⁴⁹Fonksyonè a reponn li: Mèt, vin avè m non, anvan pitit mwen an gentan mouri. ⁵⁰Jezi di li: Ou mèt al lakay ou. Pitit ou a p'ap mouri. Nonm lan kwè sa Jezi te di l la, l ale. ⁵¹Li te sou wout lakay li toujou lè domestik li yo vin jwenn li avèk nouvèl sa a: Pitit ou a gaya nèt wi. ⁵²Li mande yo: Kilè ti gason an refè? Yo reponn li: Yè apremidi, bò inè konsa, lafyèb la tonbe. ⁵³Papa a vin rekonèt se te lè sa a menm Jezi te di l: Pitit gason ou lan p'ap mouri. Se konsa li menm ansanm ak tout moun lakay li yo kwè nan Jezi.

Pouvwa pawòl Bondye

Lè Bondye di yon bagay, li rive! Bondye ki te kreye mond lan ak Syèl ak tout sa ki ladan l yo ak Sèlman lapawòl, kounye a ap pale ak chèf la, **Ou mèt al lakay ou. Pitit ou a p'ap mouri** (Jan 4:50). Epi pitit li a te geri.

Jezi di tout sa ki pwomèt nan Bib la ap rive (Matye 5:18). Eske Ou kwè nan pawòl Bondye? Eske *aksyon* ou montre sa—Tankou mesye nan istwa nou an te fè a?

Pawòl nou gen pouvwa tou, *si Kris ap viv nan kè nou*. Nan Mak 11:23, Jezi te di disip li yo, **Sa m'ap di nou la a, se vre wi:**

si yon moun di mòn sa a: Wete kò ou la, al jete ou nan lanmè, si l pa gen doutans nan kè l menm, si l gen fèm konviksyon sa l di a gen pou rive, l'a wè l rive vre. Pawòl nou pwononse yo, kore avèk lafwa nan Bondye gen *pwisans*. Ki pawòl nou pale ak bouch nou? Eske se pawòl ankourajan, rekonfò, konfyans, epi lanmou?

Kisa leson sa montre nou konsènan lapriyè

Eske Jezi reponn demand nou yo jodia? Ebre 13:8 di nou konsa Jezi pa chanje, **se menm moun lan ayè, jòdi a ak pou tout tan**. Nou konnen nou dwe al jwenn li ak demand nou yo. Li di: **Mwen p'ap janm mete moun ki vin jwenn mwen yo deyò** (Jan 6:37b). Li di: **Mande, y'a ban nou. Chache, n'a jwenn. Frape, y'a louvri pou nou** (Matye 7:7).


Anplis nou dwe vini ak konfyans l ap reponn, **Nou konnen pèsoun pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kote Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li** (Ebre 11:6).

Nou dwe satisfè ak repons Jezi bay nou, nòb la te mande Jezi pou l te desann lakay li, men Jezi pa t chwazi ale, olye li ale, li di, **Ou mèt al lakay ou. Pitit ou a p'ap mouri** (Jan 4:50). Li ka pa reponn egzateman fason ou ap tann lan, men li toujou fè sa ki bon pou ou, epi l ap toujou fè l selon pawòl li.

Lafwa pa toujou pote *delivrans* (etidye Ebre 11:35-39) men lafwa toujou pote *direksyon* ak lapè. **6Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l mèsì tou lè n'ap lapriyè. 7Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l, bagay lèzòm pa ka konprann. La kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri** (Filipyen 4:6, 7).

Lè w kwè nan Bondye, Bondye travay ak pwisans, epi konfyans ou nan Bondye ap pi fèm. Lafwa *fanmi ou* ap pi fèm tou, menmjan **tout moun ki tap viv lakay mesye nòb la te kwè nan Bondye.**

LESON 9. JEZI GERI NONM PARALIZE A



Jan 5:1-9, 14-18

¹Aprè sa, jwif yo te gen yon fèt nan tanp lan. Jezi moute Jerizalèm. ²Nan lavil la, bò Pòtay Mouton yo, te gen yon gwo basen dlo yo te rele nan lang ebre: Betzata. Te gen senk pòt ki te bay sou li. ³Devan pòt yo, te gen anpil moun ki te gen tout kalite maladi kouche la: gen sa ki te avèg, gen sa ki t'ap bwete, gen sa ki te paralize. [Yo tout yo t'ap tann lè dlo a pran bouyi. ⁴Paske tanzantan, yon zanj desann vin mete dlo a anmouvman. Premye maladi ki desann lan, nenpòt maladi li te genyen, li te jwenn gerizon.] ⁵Te gen yon nonm la ki te malad depi tranntwitan. ⁶Jezi wè l kouche. Li vin

konnen li te malad depi tout tan sa a. Li mande li: Eske ou vle geri? ⁷Malad la reponn li: Mèt, mwen pa gen pesonn pou mete mwen nan basen an lè dlo a anmouvman. Lè mwen fè sa pou m'ale, yon lòt gentan desann anvan mwen. ⁸Jezi di li: Leve pran nat ou ale. ⁹Menm lè a, nonm lan geri. Li ranmase nat li, li pran mache. Men twouve, jou sa fèt la, se te yon jou saba.

¹⁴Pita, Jezi kontre nonm lan nan tanp lan. Li di li konsa: Koute non. Kounyeya ou wè ou geri, pa fè peche, tandè, pou bagay pi mal pa rive ou. ¹⁵Nonm lan al di jwif yo se Jezi ki te geri li. ¹⁶Se poutèt sa jwif yo tanmen pèsekite Jezi paske li te fè sa yon jou saba. ¹⁷Men, Jezi reponn yo: Se tout tan Papa m ap travay. Mwen menm tou, m'ap travay. ¹⁸Poutèt pawòl sa a, se pi rèd atò jwif yo t'ap chache touye li. Paske li pa te sèlman vyole saba, men li te di Bondye se papa li. Konsa li fè tèt li egal ak Bondye.

Yon bagay pou fè

Ranpli espas yo pou konplete fraz yo.

1. Te gen yon nonm ki te chita ap tann arebò pisin Betesda. Li te malad pandan lontan _____ ane e li te vrèman fèb (Vèsè 5).

2. Jezi te poze l yon kesyon enpòtan anpil: “Eske ou vle _____ ?” (6)

3. Kisa Jezi te mande l pou l fè ki te parèt enposib. Li te di, “_____ pran nat ou _____” (8).

4. Pita Jezi te jwenn avè l nan tanp lan, li di l konsa: “Koute non. Kounyeya ou wè ou geri, _____, _____, _____, tandè, pou bagay pi mal pa rive ou” (14).

5. Jwif yo t ap chache touye Jezi pou de (2) rezon prensipal, (a) paske li pa te sèlman _____, _____, lè l te geri yon nonm nan jou a, jou ke jwif pat dwe fè okenn travay ditou, (b) Men tou paske li te di Bondye se papa l, li te mete tèt li _____ (18).

Eske w vle Gueri?

Sa ka rive ou bezwen santi w anfòm epi fò nan kò ou, nan lespri nan oubyen nan emosyon ou. Pafwa ou gen yon move abitud ki anpeche ou sèvi Bondye jan w ta vle a. Petèt rankin ak amètim ap manje ou nan fon kè w.

Jezi wè bezwen w yo, e li di w, **Eske ou vle geri?** Ou ka jwenn anpil eskiz poukisa ou pa delivre. Sa ka rive ou se sèl kretyen lakay ou oubyen nan lekòl ou. Oubyen ou ka panse ak kèk sikonstans nan lavi w kote tout sa w fè kont ou. Men sa pa pwoblèm pou Jezi. Li ka fè w tounen an antye *kounyeya menm!* Men pou l fè sa li ka mande w fè yon bagay ki parèt enposib, menmjan li te mande mesye ki pa t ka mache a pou l kanpe epi mache, epi menm fè l pote kabann li mache kèlkeswa jan sa ye, depi w *kòmanse* obeyi pawòl Bondye a, Jezi ap ba w pwisans ou bezwen an epi l ap delivre w. Anplis, l ap fè w mennen yon vi ranpli ak vikwa.

LESON 10. DE (2) MOUN MOURI LEVE

Jan 5:24-29

²⁴Anverite moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans yo nan moun ki voye mwen an, l'ap gen lavi etènèl. Yo yo p'ap kondannen li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi. ²⁵Anverite gen yon lè k'ap rive, li deja rive, mò yo pral tandè vwa Pitit Bondye a. Tout mò ki tandè vwa a, yo pral reviv ankò. ²⁶Papa a gen pouvwa pou l bay lavi. Konsa tou, li

bay Pitit la pouvwa pou bay lavi tou. ²⁷Li bay Pitit la otorite pou jije, paske Pitit la, se Moun Bondye voye nan lachè a. ²⁸Nou pa bezwen sezi. Lè a pral rive: tout mò ki nan tonm yo pral tandè vwa li, ²⁹yo pral leve sòti vivan nan tonm yo. Moun ki fè sa ki byen pral leve pou resevwa lavi ki p'ap janm fini an. Men, tout moun ki fè sa ki mal pral leve pou resevwa kondannasyon yo.

Yon bagay pou panse sou sa

Nou pa wè jan sa bèl lè nou tandè Jezi ap frape nan pòt kè nou, epi nou fè l konfyans lè nou kite l antre nan lavi nou, *après a nou gen asirans nou gen lavi ki p ap janm fini an!* N ap ka konnen nou p ap janm kondane. N ap ka *konnen* nou *deja* pase sòti nan lanmò a lavi. Eske nou pa mande tèt nou kijan sa fè fèt? Se paske Jezi gen lavi nan li (vèsè 26). *Moun ki pa gen Jezi nan lavi yo pa ka fè Bondye plezi* (Women 8:8), kidonk lè moun sa leve nan kavo a, yo konnen sa k ap tann yo sèlman se al nan jijman epi yon separasyon ak Bondye pou toutan.

Yon bagay pou fè

Memorize Jan 5:24 tankou yon asirans ki raple nou kisa sali a vle di toutbon. Plis ou ap tandè pawòl Bondye epi kwè nan li, (lè ou obeye l, sa montre ou fè l konfyans), pa kite Satan mete dout nan lespr ou. Bondye vle fè ou konnen ke ou se zafè pa l. Si yon bagay rive ant ou menm ak Bondye, Bondye ap di w men sa pou w fè konsa pou w konfese epi jwenn padon. Bondye *restore w*, Satan li menm *akize w*.

LESON 11. JEZI SE PEN KI BAY LA VI A

Jan 6:5-14, 35, 47-51, 53-56, 63

⁵Jezi gade, li wè yon gwo foul moun ki t'ap vin jwenn li. Li rele Filip, li di l konsa: Ki bò nou ta ka jwenn manje pou n achte pou n bay moun sa yo manje? ⁶(Li t'ap di sa pou l te wè sa Filip ta pral reponn li. Li menm li te byen konnen sa l ta pral fè.) ⁷Filip reponn li: Menm si nou ta gen desan (200) goud pou achte pen, pa ta gen ase pou chak moun ta jwenn ti kal. ⁸Yon lòt nan disip yo, Andre, frè Simon Pyè a, di li: ⁹Gen yon ti gason la a ki gen senk pen fèt ak farenn lòj, ak de ti pwason. Men, sa pa anyen pou tout kantite moun sa yo. ¹⁰Lè sa a, Jezi di yo: Fè moun yo chita. (Te gen anpil zèb bò la.) Moun yo chita, te gen senkmil (5.000) gason konsa. ¹¹Jezi pran pen yo. Lè li fin rann Bondye gras sou yo, li bay tout moun ki te chita yo. Li fè menm jan an tou ak pwason yo. Tout moun te jwenn kantite yo te vle. ¹²Lè tout fin manje vant plen, Jezi di disip li yo: Ranmase tout ti moso ki rete yo. Pa kite anyen gaspiye. ¹³Yo ranmase tout moso ki te rete nan senk pen moun yo te manje yo. Yo

plen douz panyen pote ale. ¹⁴Lè moun yo wè mirak Jezi te fè a, yo di konsa: Se vre wi, nonm sa a se pwofèt ki te gen pou vini sou latè a.

³⁵Jezi di yo: Se mwen menm, pen ki bay lavi a. Moun ki vi jwenn mwen p'ap janm gran-gou. Moun ki kwè nan mwen p'ap janm swaf.

⁴⁷Sa m'ap di nou la a, se vre wi: moun ki mete konfyans yo nan Bondye, se yo ki gen lavi ki p'ap janm fini an. ⁴⁸Se mwen menm pen ki bay lavi a. ⁴⁹Zansèt nou yo te manje lamàn nan dezè a, atousa yo mouri. ⁵⁰Men, moun ki manje pen ki desann sot nan syèl la, yo p'ap janm mouri. ⁵¹Se mwen menm, pen ki bay lavi a, pen ki



desann soti nan syèl la. Si yon moun manje pen sa a, l'ap viv pou tout tan. Pen mwen gen pou m'bay la, se kò mwen. M'ap bay li pou lavi tout moun.

⁵³Jezi di yo: Anverite se vre: Si nou pa manje kò Moun Bondye voye nan lachè a, si nou pa bwè san li, nou p'ap gen lavi nan nou. ⁵⁴Moun ki manje kò mwen, ki bwè san mwen, li gen lavi ki p'ap janm fini an.

Mwen gen pou m fè l leve sòti vivan nan lanmò nan dènye jou a. ⁵⁵Paske kò m, se yon manje tout bon, san mwen, se yon bwason tout bon. ⁵⁶Moun ki manje kò m, ki bwè san m, y'ap fè yonn avè m, epi m'ap fè yonn avè yo tou.

⁶³Se lespri a ki fè viv, kò a pa vo anyen. Pawòl mwen di nou yo, se pawòl ki soti nan Lespri, se pawòlki pote lavi.

Yon bagay pou fè

Memorize: Jan 6:35 ak Jan 6:63

Kisa leson sa anseye nou

1. Jezi sansib pou bezwen nou. Li deja fè plan pou ban nou tout sa nou gen bezwen, men li vle teste si konfyans nou fèm nan li. Li vle nou *konte* sou li epi depann de li pou nenpòt sa n gen bezwen.

2. Menm Jezi te di mèsì pou nenpòt ti sa li te genyen. Bondye di nou, **Di Bondye mèsì pou tout bagay. Se sa Bondye mande nou, nou menm ki mete konfyans nou nan Jezikri** (1 Tesalonisyen 5:18).

3. Jezi ka rezoud tout pwoblèm epi satisfè tout bezwen an *abondans*. Tout lwanj lan se pou Bondye. Paske, ak pouvwa k'ap travay nan nou an, li kapab fè pi plis pase tou sa nou ka mande, pi plis pase tou sa nou ka mete nan lide nou. (Efezyen 3:20)

4. Bondye pa renmen gaspiyaj. Li vle nou sèvi ak *tout* sa li ban nou, pou anyen pa pèdi.

Li vle nou sèvi ak *tan* nou avèk sajès: ¹⁶**Pa kite okenn okazyon pase pou fè sa ki byen. Paske, jou sa yo n'ap viv la a pa bon menm.** ¹⁷**Se poutèt sa, pran tèt nou byen, chache konnen sa Senyè a vle nou fè** (Efezyen 5:16, 17).

Li vle nou sèvi ak *kapasite* nou epi *talan* nou yo avèk sajès: **Mèt**

la di l: Sa se bèl bagay. Ou se yon bon domestik ki travay byen. Paske ou fè ti travay sa a byen, m'ap mete ou reskonsab pi gwo zafè toujou. Vin fè fèt avèk mèt ou (Matye 25:21).

Jezi vle tou pou nou byen sèvi ak *lajan* nou: **¹⁹Pa anpile richès nou isit sou latè, kote vè ak lawouj ap manje yo, kote vòlè kapab vòlè yo pote ale. ²⁰Okontrè, anpile richès nou nan syèl la. Paske la pa gen vè ni lawouj ki pou manje yo, ni vòlè ki pou pran yo pote ale. ²¹Paske, kote richès ou ye, se la kè ou ye tou (Matye 6:19-21).**

5. Pandan disip yo te resevwa manje nan men Jezi, yo te separe l bay foul moun ki te grangou yo. Lè nou resevwa manje esprityèl nan men Jezi chak jou, nou gen yon bagay tou pou nou pataje ak moun ki bò kote nou ki bezwen “pen ki bay lavi a.”

De kalite pen

Gwo foul moun yo te kontan pou yo jwenn manje pou yo manje lè yo te grangou anpil. Yo te vle Jezi vin wa yo, pou yo pa t ap janm enkyete yo pou yo travay pou manje ankò! Men, Jezi te fè yo sonje sa ki te rive zansèt yo lontan avan. Moun pèp Izrayèl yo t'ap sòti peyi Lejip pou al nan peyi Bondye te pwomèt yo a. Gwo foul moun sa a te vin grangou nan dezè a. Kidonk, Bondye te fè pen soti nan syèl la sou fòm “lapli” pou yo ka manje chak jou. Ala yon bèl mirak sa a te ye (Egzòd 16:4-35)! Pèp la pa t konnen egzakteman ki sa nouvo kalite manje sa a te ye, kidonk yo te rele l *lamàn*, ki vle di, *kisa sa a ye?*

Pi devan Bondye te montre pèp la poukisa l te fè sa. Moyiz te di pèp la, **²Chonje tout chemen Senyè a, Bondye nou an, te fè nou pran nan dezè a pandan karantan pou l te ka kraze lògèy nou, pou l te ka sonde nou, pou l te ka konnen sa ki nan kè nou, si tout bon vre nou te sòti pou kenbe kòmandman l yo. ³Li kraze lògèy nou, li fè nou soufri grangou. Apre sa, li ba nou lamàn pou nou manje, yon kalite manje ni nou menm ni zansèt nou yo pat janm konnen. Li fè tou sa pou li te fè nou konnen se pa pen ase moun bezwen pou yo viv. Yo bezwen tout pawòl ki sòti nan bouch Senyè a tou pou yo viv (Detewonòm 8:2, 3).**



Menmsi Bondye te bay lamàn ki sot nan syèl la nan yon fason estrawòdinè pou plizyè ane, lamàn nan se te jis pen pou kò fizik. Moun ki te manje l yo te toujou vin granmoun epi yo mouri. Se konsa kounye a, lè Jezi te bay foul moun yo manje jou sa a, pen yo te manje a te jis pou kò fizik yo. Menmsi yo te manje l epi vant yo te plen, yo t ap vin granmoun epi yo t ap mouri aprè.

Men Jezi te gen yon bòn nouvell! Jezi te vin ofri yon nouvo kalite “pen,” pen sa si yon moun manje ladan l, l ap anpeche l mouri. Wi, menm lè kò fizik ta mouri men yo menm yo pap janm mouri, epi Kris t ap leve kò yo nan dènnye jou a lè li tounen ankò. Jezi te di moun yo ke li menm, se yon lòt kalite pen yo ka manje, li se pen *vivan* pou nanm yo! Li te desann sot nan syèl la menm jan ak laman nan te desann sòti nan syèl la tou. Li te vini pou bay lavi li pou mond lan. Nenpòt moun ki “manje”—oswa resevwa nan nanm yo—lavi Jezi a, p ap janm mouri.

Kijan nou ka “manje” pen ki bay lavi sa, kise Jezi? Kijan nou ka “bwè” san li? Nou ka asepte sakrifis kò Kris la sou lakwa pou pwòp sali nou. Nou ka aksepte Jezi tankou mouton Bondye a ki bay san li pou kouvri peche nou yo. Nou ka resevwa Lespri ki bay lavi l ap bay la nan kè nou, nou kapab resevwa tou, pawòl *vivan* li yo pandan n ap etidye epi obeyi yo. Nou bezwen pou n kontinye nouri nan lavi l *chak jou*, menmjan nou bezwen manje pou n manje pou kò fizik nou yo.

Nan sans espiyèl ou ka “manje” kò Jezi epi “bwè” san li chak jou:

1. Chak jou mache nan limyè pawòl Bondye a. Si w tonbe nan peche, rekonèt peche w devan Bondye epi san Jezi ap netwaye w konsa pou ka kontinye bon amitye w avèl (1 Jan 1:7, 9).

2. Chak jou mande Jezi pou li ranpli w ak sentespri l. Nan tout sa w ap fè, konte sou pouvwa sentespri l ki nan ou a. Resevwa enstriksyon nan men l chak jou atravè Bib la. Pawòl Bondye a se lavi pou nou. Pase ti tan ou menm ak Bondye sèlman chak jou lè w ka leve vwa w pale avèk li. Epi, pandan jounen an, toujou panse avè l, pale avè l nan lesprè w sou tout bagay. Konsa w ap wè ou vin sanble ak Jezi plis chak jou.

Si w fè bagay sa yo, Bondye gen yon pwomès mèveye pou ou: **¹⁶Men moun ki gen krentif pou Senyè a t'ap pale yonn ak lòt pou ankouraje yonn lòt. Li fè louvri yon liv souvni nan prezans li pou moun ki gen krentif pou li yo epi ki respekte non li. ¹⁷Senyè a di konsa: Y'ap yon pèp apa pou mwen. Jou m'a decide pou m aji a, se moun pa m nèt y'ap ye. M'a gen pitye pou yo, menm jan yon papa gen pitye pou pitit gason l k'ap sèvi l (Malachi 3:16, 17).**

Pawòl Bondye se nouriti pou nanm ou

Lontan sa, Jòb te di, **Mwen toujou fè tou sa li bay lòd fè. Mwen te fè volonte l, mwen pa fè sa m te gen nan tèt mwen (Jòb 23:12).**

Jeremi te deklare, **Lè ou pale avè m, mwen koute tou sa ou di m. Pawòl ou yo, se tout plezi m. Yo fè kè m kontan, paske yo mete m apa pou ou, Senyè, Bondye ki gen tout pouvwa a (Jeremi 15:16).**

Salmis lan te di, **Ala dous pawòl ou yo dous anba lang mwen! Yo pi dous pase siwo myèl nan bouch mwen (Sòm 119:103).**

Pyè te ankouraje, **²Tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki sòti nan Bondye, pou nou kapab grandi, pou nou kapab fin delivre nèt. ³Paske, nou deja goute Mèt la, nou wè jan li bon (1 Pyè 2:2, 3).**

Annou “manje” Pawòl Bondye a chak jou.

LESON 12. JEZI MACHE SOU DLO



Jan 6:16-21

¹⁶Lè solèy fin kouche, disip li yo desann bò lanmè a. ¹⁷Yo moute nan yon kannòt, yo pran travès lanmè a nan direksyon

Kapènewòm. Te fin fè nwit nèt, men Jezi pat ankò vin jwenn yo. ¹⁸Dlo lanmè a te move paske van an te fò. ¹⁹Yo te gentan naje zaviwon senk a sis kilomèt konsa deja, lè yo wè Jezi ki t'ap vin bò kannòt la. Li t'ap mache sou dlo a. Yo tout te pè. ²⁰Men, Jezi di yo: Se mwen menm. Nou pa bezwen pè. ²¹Yo te vle pran l nan kannòt la, men lamenm yo fè tè: yo te gentan rive kote yo taprale a.

Yon bagay pou panse sou sa

Eske w ap viv nan yon moman tanpèt? Eske lavi a parèt nwa nan moman sa? Eske w santi Jezi lwen w? Eske ou menm ak moun ki nan vwazinaj ou ap lite pou kont nou nan tanpèt la? Eske n ap eseye ak pwòp ti fòs nou pou n rive lòt bò a? Si sa se sitiyasyon w, konnen *Jezi ap pran swen w*. Li *konnen* epi li wè. L ap mache vin jwenn ou nan sitiyasyon dezespere w la. Ou pa bezwen pè. Resevwa Jezi ak kè kontan nan mitan pwoblèm oubyen sitiyasyon w lan. Kite l pran kontròl li. Li pral fè dlo twoublye yo poze epi l ap mennen w san danje nan lòt bò a. **Menm lè m'ape pase anba lonbray lanmò, mwen p'ape pè anyen, paske, Senyè, ou la avèk mwen** (Sòm 23:4a).

LESON 13. JEZI PALE DE LIBÈTE

Jan 8:31-37, 42, 47

³¹Jezi di jwif ki te kwè nan li yo: Si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou se disip

mwen vre. ³²N'a konnen verite a, verite a va ban nou libète.

³³Yo di li: Nou se pitit pitit Abraram. Nou pa janm

esklav pèsonn. Ki jan ou ka fè di nou: N'a gen libète nou?

³⁴Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Tout moun ki fè peche, se esklav peche yo ye. ³⁵Yon esklav pa fè pati moun kay la pou tout tan. Men, yon pitit fè pati moun kay la pou tout tan. ³⁶Si Pitit Bondye a ban nou libète, n'a lib tout bon.

³⁷Wi, mwen konnen se pitit pitit Abraram nou ye vre. Men, n'ap chache touye m paske nou pa asepté sa m'ap moutre nou.

⁴²Jezi di yo: Si Bondye te papa nou vre, nou ta renmen

mwen. Paske se nan Bondye mwen soti. Se li menm ki voye mwen isit la. Mwen pa vini poukont mwen. Se li menm ki voye mwen.

⁴⁷Tout moun ki moun Bondye, yo koute pawòl Bondye. Men nou menm, nou pa moun Bondye. Se sa k fè nou pa vle koute.

Jan 7:17

¹⁷Si yon moun deside fè sa Bondye vle, la konnen si bagay m'ap moutre yo sòti nan Bondye osinon si se pawòl pa m m'ap pale.

Yon bagay pou fè

Ranpli espas vid yo:

1. "Si nou _____ pawòl mwen yo nan kè nou, nou se _____ mwen vre" se sa Jezi di nan (Jan 8:31).
2. _____ a va ban nou libète (8:32).
3. Tout moun ki fè peche, se _____ peche yo ye (8:34).
4. Si _____ Bondye a ban nou libète, n'a lib tout bon (8:36).
5. Jezi di yo: "Si Bondye te papa nou vre, nou ta _____ mwen" (8:42).
6. Tout moun ki moun _____, yo koute pawòl Bondye (8:47).
7. Si yon moun deside fè sa Bondye _____, la _____ si bagay m'ap moutre yo sòti nan Bondye ou pa (Jan 7:17).

LESON 14. JEZI SE LIMYÈ K AP KLERE TOUT MOUN SOU LATÈ



Jan 8:12

Jezi pale ankò ak foul moun yo, li di: Se mwen menm ki limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. Moun ki swiv mwen va gen limyè ki bay lavi a. Yo p'ap janm mache nan fènwa.

Jan 9:1-9, 13-25, 33-38

¹Jezi t'ap pase yon kote konsa lè l wè yon nonm ki te avèk depi li te fèt. ²Disip li yo mande li: Mèt, poukisa nonm sa a te fèt tou avèk en? Se peche pa l osinon peche manman l ak papa l ki lakòz sa? ³Jezi reponn yo: Se pa ni peche pa l ni peche manman l ak papa l ki lakòz sa. Li fèt avèk, se pou moun ka wè sa pouvwa Bondye a ka fè nan

li. ⁴Toutotan fè klè toujou, se pou m fè travay moun ki voye m lan ban m fè a. Talè konsa pral fè nwit, pèsonn p'ap ka travay. ⁵Toutotan mwen la sou latè, mwen se limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. ⁶Aprè li fin di pawòl sa yo, Jezi krache atè, li fè yon ti labou ak krache a, li fwote je nonm lan avèk labou a. ⁷Li di l konsa: Al lave figi ou nan gwo basen Siloe a. (Mo Siloe sa a vle di: Moun yo te voye a.) Avèk la ale, li lave figi li. Lè l tounen, li te ka wè nan tou de je l yo.

⁸Moun ki te rete bò lakay li yo ansanm ak tout moun ki te konn wè l ap mande charite anvan sa, yo tout t'ap di: Apa nonm ki te konn chita ap mande charite a! ⁹Gen moun ki t'ap di: Se li menm wi. Gen lòt ki t'ap di tou: Non. Se pa li. Men, li sanble l anpil. Lè sa a nonm lan di yo: Se mwen menm menm.

¹³Yo pran nonm ki te avèk la, yo mennen l bay farizyen yo. ¹⁴Se te yon jou saba Jezi te fè labou a pou geri avèk la. ¹⁵Se poutèt sa, farizyen yo tou, yo

mande nonm lan sa k te pase ki te fè l ka wè kounyeya. Li di yo: Li mete ti kras labou sou je m yo, lèfini mwen lave figi mwen. Se konsa, kounyeya mwen wè. ¹⁶Te gen de twa nan farizyen yo ki t'ap di: Nonm ki fè sa a pa ka sòti nan Bondye. Li pa obeyi lalwa repo a. Men, gen lòt ki t'ap di: Ki jan yon nonm k'ap fè sa ki mal kapab fè yon mirak konsa? Te vin gen divizyon nan mitan yo. ¹⁷Farizyen yo mande nonm ki te avèg la: Ou menm, dapre ou, nonm ki louvri je ou yo, ki moun li ye? Li reponn: Se yon pwofèt li ye. ¹⁸Men, jwif yo pat vle kwè li te avèg anvan sa. Yo fè chache papa l ak manman l pou poze yo keksyon. ¹⁹Yo mande yo: Eske nonm sa a se pitit gason nou an vre? Eske se vre li te fèt avèg? Sa k pase l ki fè li wè kounyeya? ²⁰Papa a ak manman an reponn yo: Nou konnen se pitit gason nou li ye, li te fèt avèg. ²¹Men, nou pa konnen sa k pase l ki fè l wè kounyeya. Nou pa konnen tou ki moun ki louvri je li. Nou mèt mande li. L ase gran konsa. Li ka reponn li menm. ²²Papa a ak manman an te pale konsa paske yo te pè jwif yo. Paske,

jwif yo te tonbe dakò sou pwen sa a: Tout moun ki ta di Jezi se Kris la, yo t'ap mete yo deyò nan sinagòg la. ²³Se poutèt sa papa l ak manman l te di: l ase gran, li ka reponn li menm. Nou mèt mande li. ²⁴Farizyen yo rele nonm ki te avèg la yon dezyèm fwa. Yo di li: Di verite a devan Bondye. Nou konnen nonm sa a se yon nonm k'ap fè sa ki mal. ²⁵Li reponn yo: Mwen pa konnen si se yon moun k'ap fè sa ki mal osinon sa ki byen. Yon sèl bagay mwen konnen: mwen te avèg, kounyeya mwen wè.

³³Si nonm sa a pat sòti nan Bondye, li pa ta ka fè anyen. ³⁴Yo reponn li: Se nan peche ou fèt, epi ou konprann pou ou vin ban nou leson kounyeya? Epi yo mete l deyò nan sinagòg la. ³⁵Jezi te vin konnen yo te mete nonm ki te avèg la deyò nan sinagòg la. Lè li kontre avè l, li di l konsa: Eske ou kwè nan Moun Bondye voye nan lachè a? ³⁶Nonm lan reponn li: Mèt, di m ki moun li ye pou m ka kwè nan li? ³⁷Jezi reponn li: Apa w'ap gade li! Se li menm k'ap pale avè ou la a wi. ³⁸Nonm lan di: Senyè, mwen kwè. Epi li tonbe ajenou devan Jezi.

Kiyès ki di pawòl sa?

1. Kiyès ki te di, “Talè konsa pral fè nwit, pèsonn p’ap ka travay?” _____ (vèsè 4).
 2. Kiyès ki te di sa: “Apa nonm ki te konn chita ap mande charite a!” _____ (8).
 3. Kiyès ki te di sa: “Nonm ki fè sa a pa ka sòti nan Bondye?” _____ (vèsè 16).
- [Farizyen yo se te chèf relijye jwif yo. Yo te sevè anpil nan sa ki gen pou wè ak aplikasyon lalwa Moyiz ak tradisyon yo.]
4. Kiyès ki te di sa: “Nou mèt mande li.” Li gen laj pou sa paske yo pè Jwif yo? _____ (vèsè 21-23).
- [Se pa t yon bagay jwèt lè yo mete w deyò nan sinagòg la. Se tankou yo te rejte w menm jan ak yon moun ki fè maladi lèp. Pyès moun pa t gen dwa manje ak moun sa oubyen vann ba li.]
5. Kiyès ki te di sa: “Si nonm sa a pa t sòti nan Bondye, li pa ta ka fè anyen?” _____ (vèsè 33).
 6. Kiyès ki te di sa: “Eske ou kwè nan Moun Bondye voye nan lachè a”? _____ (vèsè 35).
 7. Kiyès ki te di: “Senyè, mwen kwè”? _____ (vèsè 38).

Jezi pote limyè

Lè Jezi louvri je nonm ki te avèg la, li pote limyè nan lavi l. Men Jezi te vle montre ke se li menm menm ki vini pou ouvri je esprityèl *tout* moun ki rete nan fènwa. Plizyè ane avan, Bondye te pwomèt pa mwayen pwofèt li yo ke gen yon moun ki gen pou vini pou pote limyè. Bondye t ap fè deskripsyon Jezi: **6Se mwen menm, Senyè a, ki rele ou. Mwen ba ou pouvwa pou mete jistis kanpe sou latè. Mwen pran men ou. Mwen fòme ou, mwen mete ou pou pase yon kontra ak pèp la, pou m bay tout nasyon yo limyè. 7W’a louvri je avèg yo. W’a fè prizonye yo sòti nan prizon. W’a libere sa ki nan kacho kote ki fè nwa a** (Ezayi 42:6, 7). Ezayi te wè jou Jezi a: **Pèp ki t’ap mache nan fènwa a wè yon gwo limyè. Yo te rete nan yon peyi kouvri ak fènwa. Men, kounyeya yon limyè vin klere yo!** (Ezayi 9:2)

Lè Jezi pale de tèt li kòm limyè tout moun, Jwif yo te panse Jezi te di se li ki Bondye papa a paske Bondye se limyè. **Senyè a se limyè mwen, se li ki delivrans mwen** daprè Sòm 27:1a. **Nou te mèt chita nan fènwa kounyeya, Senyè a va yon limyè pou nou** (Miche 7:8b). David remèsye Bondye, li di konsa, **Senyè, ou se limyè mwen. Se ou ki wete m nan fènwa kote m te ye a** (2 Samyèl 22:29).

Lè nou konnen Jezi, nou konnen Bondye. Jezi di, **Si nou konnen m, n'a konn Papa m tou** (Jan 14:7a). **Bondye ki te di: Mwen vle pou limyè a klere nan mitan fènwa a, se li menm tou ki fè limyè li a klere nan kè nou pou li fè nou konnen pouvwa li ki yon limyè ki klere byen bèl nan figi Kris la** (2 Korent 4:6). Eske ou resevwa limyè sa deja?

Mache nan limyè

Moun k ap suiv Jezi yo p ap mache nan fènwa ankò men nan limyè. **Nan tan lontan, nou te nan fènwa. Men kounyeya, paske n'ap viv ansanm nan Senyè a, nou nan limyè. Se sa ki fè, fòk nou mennen tèt nou tankou moun k'ap viv nan limyè a** (Efezyen 5:8).

Chemen moun mechan yo fè nwa kou lannwit. Yo pa ka wè sou kisa y'ap bite (Pwovèb 4:19). **Chemen moun k'ap mache dwat yo tankou solèy k'ap leve. Chak lè, l'ap vin pi klere jouk li fin jou nèt** (Pwovèb 4:18).

Pawol Bondye se limyè. **Pawòl ou se yon chandèl ki fè m wè kote m'ap mete pye m, se yon limyè k'ap klere chemen mwen** (Sòm 119:105). **Esplikasyon nou jwenn nan pawòl ou klere lespri nou. Yo louvri lespri moun ki san konprann yo pou yo konprann** (Sòm 119:130). Lè nou rete nan pawòl Bondye chak jou, nou *tande* pawòl la epi *obeyi* a sa li di, sa vle di “mache nan limyè.” **Lè ou fè sa Bondye mande sa montre ou mache nan limyè a. Eske ou sonje komandman Jezi ki mande pou nou youn renmen lòt? Se poutèt sa pawòl Bondye di, Men, moun ki rayi frè yo, yo nan fènwa toujou. Y'ap mache nan fènwa, yo pa konnen kote yo prale, paske fènwa a rann yo avèg** (1 Jan 2:11).

Mwayen ki pi rapid pou w avèg se lè w ap mache nan fènwa toutan. Lè yo itilize aparèy anba tè pou travay nan min chabon natirèl, yo dwe mete yo nan limyè omwens yon jou pa semèn. Si yo ta rete anba tè a

toutan, yo t ap vin avèg nèt byen vit. Se menm bagay la pou nou, nou dwe mache nan limyè, sinon Satan ap twonpe je espiyèl nou epi l ap avegle lespri nou ak kè nou.

Nou se limyè mond lan

¹⁴Nan tou sa n'ap fè, pa plenyen, pa diskite, ¹⁵pou yo pa jwenn anyen pou yo repwoche nou, pou nou ka fè sa ki byen tankou veritab pitit Bondye, antan n'ap viv nan mitan bann malonèt ak pèvèti ki sou latè yo. Se pou nou sèvi limyè pou lemonn (Filipyen 2:14, 15). Bondye te chwazi nou fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a (1 Pyè 2:9b). Eske lavi w se yon limyè pou lòt moun ki nan antouray ou? Si se pa sa, Apot Pòl ankouraje nou sispann fè bagay yo fè nan fènwa. Ann pran zam nou pou nou ka goumen devan tout moun (Women 13:12b).

Nou bezwen pare nou pou retou Senyè nou an. Se sa k fè, piga nou dòmi epi pandan n ap mache nan limyè a n ap ka pare nou. ⁵**Paske**, nou tout se moun k'ap viv nan limyè, nan gwo lajounen. Nou pa moun k'ap viv nan lannwit, nan fènwa! ⁶Se sa k fè, piga nou dòmi tankou lòt yo. Pa kite dòmi pran nou. Kenbe tèt nou anplas (1 Tesalonisyen 5:5, 6).

Jezi di, lè l ap pale de yon lòt syèl ak yon lòt tè, Jerizalèm tou nèt la **pat bezwen ni solèy, ni lalin pou klere l paske limyè prezans Bondye a te klere l nèt, ti Mouton an te tankou yon lanp pou li** (Revelasyon 21:23b). Eske sa pa bèl paske Jezi va limyè nou pou toutan.

Kontinye travay pandan li toujou fè klè

Jiskaske Jezi retounen, nou bezwen travay pandan li menm li se limyè nan mond fènwa sa a. Yon jou, tè sa gen pou disparèt (Matye 5:18). Sila yo ki pa t vin jwenn limyè a pral kontinye viv nan gwo fènwa pou toutan gen tan (Matye 22:13). An n travay **pou ou kapab louvri je yo, pou fè yo sòti nan fènwa kote yo ye a vin nan limyè, pou wete yo anba pouvwa Satan vin jwenn Bondye. Konsa, lè y'a mete konfyans yo nan mwen, y'a resevwa padon pou tout peche yo** (Travay 26:18a).

Yon fwa Jwif yo te mande Jezi, **Kisa pou n fè si nou vle fè travay Bondye?** (Jan 6:28). Jezi reponn yo: **Sèl travay Bondye mande**

nou pou n fè, se pou nou mete konfyans nou nan moun li voye a (Jan 6:29). Jezi te ansenye yo klèman sou sa nou gen pou n mourir nan peche nou si nou pa kwè mwen se moun mwen ye a (Jan 8:24b).

Premyèman, nou dwe sèten ke nou menm nou te vin jwenn limyè pou nou resevwa lavi etènèl. Epi nou dwe travay avèk Jezi pou *men-nen lòt moun* nan limyè a. **Pa travay pou manje k'ap gate! Travay pito pou manje k'ap konsève, manje k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an. Kalite manje sa a, se Moun Bondye voye nan lachè a ki va ban nou l** (Jan 6:27a).

Eske nou sonje avèg la nan istwa nou an? Avèk *kran* li te di lòt moun sa Jezi te fè pou *li*. Byenke moun ki te avèg esprityèlman te chase l deyò, Jezi te sousye de li epi li te vin jwenn li pou l te revele l plis toujou sou tèt li. Li pral fè sa pou ou tou.

LESON 15. JEZI SE BON GADÒ A



Jan 10:1-16, 27-33

¹Sa m'ap di nou la a se vre wi: Moun ki pa pase nan pòt la pou antre nan pòt mouton yo, men ki eskalade lòt kote pou li antre, moun sa a se yon vòlè, se yon ansasen. **²Men, moun ki pase nan pòt la, se gadò mouton yo li ye. ³Moun k'ap veye pòt la**

louvre l pou li. Tout mouton yo rekonèt vwa li. Li rele tout mouton l yo, li ba yo chak non yo, li mennen yo deyò. **⁴Lè li fin fè yo tout sòti, li mache devan yo. Tout mouton yo swiv li paske yo konnen vwa li. ⁵Men, yo p'ap swiv yon moun yo pa konnen. Okontrè, y'ap kouri byen lwen pou li paske yo pa rekonèt vwa li. ⁶Jezi di yo parabòl sa a, men yo pat konprann sa l te vle di yo. ⁷Jezi di yo ankò: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Mwen se pòt pak mouton yo. ⁸Tout moun ki te vin anvan m yo, se yon bann vòlè ak piyajè yo te ye. Men, mouton yo pat koute yo. ⁹Se mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou antre, l'a sove. L'a antre,**

l'a sòti, l'a jwenn manje pou l manje. ¹⁰Lè vòlè a vini, se vòlò li vin vòlò, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè. Mwen menm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l an kantite. ¹¹Se mwen menm ki bon gadò a. Yon bon gadò bay lavi li pou mouton li. ¹²Moun k'ap fè djòb, se pa gadò li ye. Mouton yo pa pou li. Lè li wè bèt sovaj ap vini, l'ap kouri kite mouton yo, l'ap met deyò. Lèkonsa, bèt sovaj ap devore mouton yo, y' ap gaye. ¹³Nonm lan met deyò paske se yon djòb l'ap fè. Ki mele l ak mouton yo? ¹⁴⁻¹⁵Mwen menm, mwen se gadò mouton yo. Papa a konnen m, mwen konn Papa a. Konsa tou, mwen konnen mouton m yo. Yo menm tou yo konnen mwen. ¹⁶Mwen gen lòt mouton toujou ki poko nan pak la. Fòk mwen mennen yo tou.

Y'a tande vwa mwen. Lè sa a, mouton yo ap fè yon sèl bann, ap gen yon sèl gadò.

²⁷Mouton m yo koute vwa m, mwen konnen yo epi yo swiv mwen. ²⁸Mwen ba yo lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap janm peri, pèsonn p'ap janm ka rache yo nan men mwen. ²⁹Sa Papa m ban mwen an pi gran pase tout. Pèsonn pa ka rache anyen ki nan men Papa a. ³⁰Mwen menm ak Papa m, nou fè yon sèl.

³¹Jwif yo ranmase wòch pou kalonnen li. ³²Lè sa a, Jezi di yo: Avèk pouvwa Papa a mwen fè anpil bon bagay nan mitan nou. Manyè di m pou kilès ladan yo nou vle touye m ak kout wòch la? ³³Jwif yo reponn li: Se pa pou okenn bon bagay nou vle touye ou ak kout wòch. Men, se paske w'ap pale mal sou Bondye. Se moun ou ye, epi w'ap chache pase pou Bondye.

Kèk leson nan leson sa a

1. *Jezi se sèl pòt ki mennen nan delivrans lan.* Sèlman lè nou tande vwa l ak lè n ap swiv li nou ka vin pwòp mouton l. Li rele w nan non w, li mennen w, li ba ou patiraj, li bay lavi li pou ou. **Nou te tankou mouton ki pèdi bann, chak moun bò pa yo. Chatiman ki te pou tonbe sou nou an, Senyè a fè li tonbe sou li** (Ezayi 53:6). Eske ou vire do bay chemen pa w la pou swiv chemen pa Jezi a?

2. *Jezi se sèl vrè gadò a.* Se li ki Bondye nou, se pèp li nou ye, l'ap pran swen nou tankou mouton ki nan savann li (Sòm 95:7a). Pa janm bliye: Senyè a, se Bondye li ye. Se li menm ki fè nou, se pou li nou ye. Se pèp li nou ye, mouton ki

nan savann li (Sòm 100:3).

3. *Si nou se mouton l, li konnen nou epi nou konnen l. Men, ou menm Senyè, ou konn ki moun mwen ye, ou wè sa m'ap fè, ou wè jan m renmen ou (Jeremi 12:3a). Eske w konnen Jezi kòm gadò w? Si ou konenn sa, ou pral swiv li sèlman. Eske gadò a konnen w? Lè “chèf gadò a va parèt,” anpil moun va di, **Mèt, Mèt, se sou non ou nou t'ap bay mesaj ki sòti nan Bondye a. Se sou non ou nou te chase move lespri yo. Se sou non ou nou te fè anpil mirak (Matye 7:22).***

Jezi di, **Mwen pat janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou menm k'ap fè sa ki mal (Matye 7:23).** Nou pa kapap pou gadò a epi pou n ap fè sa nou vle an menm tan. San yon lavi apa pou Bondye pèsonn pap ka wè Senyè a (Ebre 12:14).

4. *Lè nou se pou Jezi, nou gen pwoteksyon pou toutan. Pè-sonn pa ka rache nou nan men li. Yo bay pwomès sa a sèlman pou moun k ap suiv “gwo Bèje mouton yo” sa a, Senyè Jezikri.*

5. *Moun ki swiv Jezi ap jwenn refij devan etranje. Satan se yon vòlè ki vin vòlè, touye, ak detui.*

6. *Jezi fè konnen li se Bondye. Lè Jezi fè konnen li se bon gadò a ak lè li di li menm ak papa l fè youn. Jwif yo te panse li t ap fè tèt li pase pou egal ak Bondye. Si yo te konn ap swiv Bondye, yo t ap rekonèt jezi kòm gadò yo. Ezayi te pote mesaj sa a. **¹⁰Men Senyè ki gen tout pouvwa a! L'ap vini.... ¹¹Tankou yon gadò, l'ap okipe mouton l yo. Se li menm k'ap sanble yo. L'ap pote ti mouton yo sou bra l. Tou dousman l'ap mennen manman mouton ki gen pitit dèyè yo (Ezayi 40:10, 11).***

Sòm gadò a

Sòm 23

¹Senyè a se gadò mwen, mwen p'ap janm manke anyen. ²Kote zèb yo pi bèl, se la li fè m pran repo. Kote dlo a koule poze, se la li mennen m bwè. ³Li fè m reprann fòs. Li fè m mache nan chemen dwat,



pou sa sèvi yon lwanj pou non li. ⁴Menm lè m'ape pase anba lonbray lanmò, Mwen p'ape pè anyen, Paske, Senyè, ou la avèk mwen. Se baton ou ak pwoteksyon ou ki fè kè m' pa kase. ⁵Ou pare yon tab pou mwen devan je tout lènmi m yo. Ou resevwa m, ou fè kè m kontan ou ban m tou sa m bezwen. ⁶Wi, mwen konnen w'ap toujou renmen m, w'ap toujou bon pou mwen pandan tout lavi m. Se lakay ou m'ap rete tout tan tout tan.

LESON 16. JEZI SE REZIREKSYON AK LAVI

Jan 11:1-7, 17-46

¹Te gen yon nonm yo te rele Laza ki tonbe malad. Li te rete Betani, yon ti bouk kote Mari t'ap viv ansanm ak Mat, sè l la. ²(Mari sa a, se te fanm ki te vide odè sou pye Senyè a, epi ki te siye yo ak cheve li. Laza, nonm ki te malad la, se te frè li.) ³De sè yo voye yon moun bò kote Jezi pou di li: Senyè, zanmi ou lan malad. ⁴Lè Jezi tandè nouvèl la, li di: Maladi Laza a p'ap touye li. Tou sa rive pou fè moun wè pouvwa Bondye. Se ak maladi sa a Bondye pral fè wè pouvwa Pitit li a.

⁵Jezi te renmen Mat, Mari, sè l la, ansanm ak Laza. ⁶Aprè li fin pran nouvèl maladi Laza a, li rete de jou ankò kote l te ye a. ⁷Aprè sa, li di disip li yo: Ann tounen nan Jide.

¹⁷Lè Jezi rive, li jwenn Laza te gentan antere depi kat jou.

¹⁸Betani te yon ti bouk toupre lavil Jerizalèm, twa kilomèt konsa, pa plis. ¹⁹Anpil jwif te vin lakay Mat ak Mari pou konsòle yo ak lanmò frè yo a. ²⁰Lè Mat vin konnen Jezi t'ap vini, li pati, l'al kontre li. Men, Mari te rete chita nan kay la. ²¹Mat di Jezi konsa: Mèt, si ou te la, frè m lan pa ta mouri non. ²²Men, mwen konn sa: menm kounye-ya, Bondye va ba ou nenpòt kisa ou mande li. ²³Jezi di li: Frè ou la va leve vivan ankò. ²⁴Mat reponn li: Wi, mwen konn sa. Li gen pou l leve vivan ankò nan dènye jou a, lè tout moun mouri yo va leve. ²⁵Jezi di li: Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. ²⁶Moun k'ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen,

yo p'ap janm mouri. Eske ou kwè sa? ²⁷Mat reponn: Wi, Senyè, mwen kwè ou se Kris la, Pitit Bondye. Ou se moun ki te gen pou vini nan lemond lan.

²⁸Lè Mat fin di sa, l'al rele Mari, sè l la, li di l nan zòrèy: Mèt la la wi. Li mande pou ou vin jwenn li. ²⁹Tande Mari tandè sa, li leve, li kouri al jwenn Jezi. ³⁰(Jezi pat ankò antre nan bouk la. Li te rete kote Mat te kontre l la.) ³¹Jwif yo ki te nan kay la avèk Mari pou konsole l, lè yo wè l leve sòti, yo swiv li. Yo te konprann li ta pral kriye bò kavo a. ³²Lè Mari rive kote Jezi te ye a, wè li wè l, li lage kò l atè nan pye l, li di l konsa: Senyè, si ou te la, frè m lan pa ta mouri.

³³Jezi wè jan li t'ap kriye ansanm ak jwif ki te vin avè l yo, sa te fè l mal anpil, kè l t'ap fann. ³⁴Li mande yo: Ki bò nou antere li? Yo reponn li: Senyè, vin wè non.

³⁵Dlo kouri nan je Jezi. ³⁶Lè sa a, jwif yo di: Gade jan li te renmen l non! ³⁷Men, te gen kèk nan yo ki t'ap di: Li menm ki louvri je avèg yo, li pat kapab anpeche Laza mouri? ³⁸Sa te fè Jezi pi mal ankò. L'al bò kavo a. Se te yon gwòt avèk yon wòch yo te mete devan bouch li. ³⁹Jezi di yo:

Wete wòch la. Mat, sè mò a, di l konsa: Senyè, li dwe konmanse santi deja, sa fè kat jou depi l nan kavo a. ⁴⁰Jezi reponn li: Mwen pa deja di ou: Si ou kwè, w'a wè pouvwa Bondye? ⁴¹Se konsa, yo wete wòch la.

Jezi leve je l anlè nan syèl la, li di: Mèsi, Papa, dèske ou te tandè mwen. ⁴²Mwen menm, mwen konnen ou toujou tandè m, men se poutèt moun sa yo ki bò kote m lan m'ap di ou sa, pou yo sa kwè se ou menm ki voye mwen. ⁴³Lè l fin di pawòl sa yo, li rele byen fò: Laza, sòti deyò! ⁴⁴Mò a sòti, de pye l ak de men l yo tou mare ak bann twal, figi l tou vlope nan yon moso twal. Jezi di yo: Demare l non, kite l ale. ⁴⁵Nan jwif ki te vin kay Mari yo epi ki te wè sa Jezi te fè a, anpil te kwè nan li. ⁴⁶Men, gen ladan yo kal jwenn farizyen yo. Yo rakonte yo sa Jezi te fè.



Yon bagay pou panse sou sa

Eske li pa entèresan pou n konnen Jezi te renmen zanmi li yo anpil? Ou se zanmi l tou si ou fè tout sa li di (Jan 15:14). Nan istwa sa a, zanmi Jezi yo t ap travèse yon moman trè difisil. Frè Laza te mouri. Sanble avan sa Jezi pa t okipe de sa ditou. Eske sa rive w deja ou santi Bondye pa okipe w nan yon moman difisil w ap travèse? Men Bondye pa janm nan dòmi. Li toujou gen yon plan. Nou dwe toujou gen konfyans l ap reyalize bagay k ap pote laglwa pou Bondye.

Bondye gen yon plan pou ou menm tou. Li vle pou l fè w menm jan ak pitit li a, Jezi. **²⁸Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l, pou byen tout moun li te fè lide rele. ²⁹Paske, moun Bondye te konnen depi davans pou moun pa l yo, depi davans tou li te mete yo apa pou yo te kab sanble ak Pitit li a. Konsa, Pitit sa a pase pou premye pitit nan yon bann frè (Women 8:28, 29). Se poutèt sa nou dwe pase nan moman difisil yo. Paske, konfyans nou se tankou lò li ye. Yo blije pase lò a, ki yon bagay perisab, nan dife pou wè si l bon. Konsa tou, konfyans nou ki gen plis valè pase lò a gen pou pase anba eprèv tou, pou nou ka resevwa lwanj, onè ak respè lè Jezikri va parèt (1 Pyè 1:7).**

Jezi te vle ansenye Mari ak Mat ak nou menm tou ke konfyans nan li vle di nou p ap janm mouri. Lè moun ki kwè nan Jezi yo mouri yo, *pito demenaje kite kò sa a pou n'al rete bò kote Senyè a* (2 Korènt 5:8).

Jezi te pwouve tou ke li ka fè *moun* ki mouri yo tounen gen lavi senpman li jis rele yo nan non yo. Laza te tande vwa Jezi ki t ap rele l epi li te jwenn lavi. Lè Jezi ap tounen sou tè a, **mò yo pral tande vwa Pitit Bondye a. Tout mò ki tande vwa a, yo pral reviv ankò** (Jan 5:25b).

Jiskaprezan, Jezi ap frape pòt kè yo. **Si yon moun tande vwa m, si l louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li...** (Revelasyon 3:20b).

Sila yo ki tande vwa l epi ki ouvri pòt la ap tounen yon lòt moun. Nou menm, moun Efèz, nou t'ap viv nan lanmò akòz fot nou, akòz peche nou (Efezyen 2:1). ¹¹Konsa tou, nou menm, konsidere tèt nou tankou moun ki deja mouri annegad peche epi k'ap viv pou Bondye ansanm avèk Jezikri. ¹²Pa kite peche donminen sou kò nou ki gen pou mouri a, pou l fè nou fè tou sa kò a anvi fè. ¹³Pa lage okenn pati nan kò nou nan peche, pou peche a pa sèvi avè l pou fè sa ki mal. Okontrè, tankou moun ki delivre anba lanmò epi k'ap viv, ann lage kò nou nan men Bondye. Wi, mete tout pati nan kò nou nan men Bondye pou l ka sèvi ak yo pou fè sa ki byen (Women 6:11-13).

Mirak sa mande pou w genyen obeyisans

Eske w ap travèsè yon moman kote ou pèdi espwa poutan ou bezwen yon mirak? Jezi ka kite anpil moman difisil rive nan lavi w “pou laglwa Bondye.” Men pa janm bliye ke l renmen w menm jan ak Mat ak Mari. Li kapab ap planifye yon mirak ou pa t janm espere. Men sonje obeyisans lan te nesèsè pou mirak la te fèt nan yon lòt lavi. Jezi di: **Wete wòch la.** Menm si yo te panse se pawòl moun ki pa gen bon sans men yo te obeyi. Aprè Laza fin leve kanpe Jezi di **Demare l non, kite l ale.**

Pou w rive wè laglwa nan pyisans Bondye nou dwe nou menm obeyisan nan ti detay Sentespri a di nou fè. Si w santi ou bezwen mande yon moun padon menmsi ou sèlman antò a 2%, ou dwe fè l. Sa ka rive se wòch sa ki bezwen woule pou Jezi ka fè yon mirak nan kè lòt moun nan. E lè Jezi fè yon mirak, an nou ede detache ak tout kè nou lòt yo nan sitiasyon ki te anpeche yo jwi tout libète yo. Eske li pa t bèl paske Jezi te pèmèt zanmi l yo bay èd yo nan mirak la?



LESON 17. GRAN KONSÈY LA AP PLANIFYE POU TOUYE JEZI

Jan 11:47-53

⁴⁷Farizyen yo menm ansanm ak chèf prèt yo reyini Gran Konsèy la. Yo mande: Kisa n'ap fè? Nonm sa a ap fè anpil mirak. ⁴⁸Si nou pa fè l sispann, tout moun pral kwè nan li. Talè konsa, otorite women yo va antre nan koze a, y'a de-twi ni tanp nou an ni peyi nou an. ⁴⁹Te gen yonn ladan yo ki te rele Kayif. Se li menm ki te granprèt pou lanne a. Li di yo: Gen lè nou pa konprann anyen!

⁵⁰Nou pa wè li pi bon pou nou si yon sèl moun mouri pou pèp la. Konsa tout peyi a va sove. ⁵¹(Kayif pa te di sa konsa non. Men, li te granprèt pou lanne a, konsa li t'ap fè konnen davans ki jan Jezi te dwe mouri pou tout jwif ki nan peyi a. ⁵²Epi, pa sèlman pou jwif yo, men tou pou l te sanble tout pitit Bondye ki gaye yo nan yon sèl kò.) ⁵³Se depi jou sa a otorite jwif yo pran desizyon pou yo touye Jezi.

Yo rejte yon Wa

Gran konsèy Jwif yo te wè mirak Jezi yo. Yo te tandè li k ap ansenye li k ap di li fè yon sèl ak papa epi li te egziste avan Abraam (Jan 8:58). Nou pa t kwè ke Jezi se te wa ki te gen pou vini pou pèp Izrayèl la.

Istwa sa a rakonte ke otorite Jwif yo pa t gen volonte pou abandone pwòp pozisyon yo te genyen. Yo te tankou move sèvitè yo nan parabòl Jezi te bay la. Sèvitè yo te di, **Nou pa vle nonm sa a pou wa nou** (Lik 19:14b). Konsa Otorite Jwif yo te deside kondane yon nonm pou l mouri ki se Jezi yon fason pou yo te ka kenbe pèp la an sekirite. Men, yo pa t ka fè Jezi anyen, si se pa t volontèman li te bay lavi l.

Plan Bondye nan Jezi avan menm mond lan te kòmanse se te pou sove non sèlman pèp Izrayèl la men tout mond lan tou! **Men, se te volonte Bondye pou yo te kraze l anba soufrans konsa, pou l te bay lavi li pou Bondye te ka padonnen peche nou yo. L'a wè pitit pitit li yo. ...Se konsa travay Senyè a va mache byen nan men l** (Ezayi 53:10).

LESON 18. ISTWA YON KADO KI GEN ANPIL VALÈ



Jan 12:1-8

¹Sis jou anvan fèt Pak jwif yo, Jezi tounen Betani kote Laza te rete a. Laza se nonm li te resisite a. Nan denmen maten, tout foul moun ki te vini pou fèt Pak jwif yo, yo te vin konnen Jezi t'ap rive lavil Jerizalèm. ²Antan l te la, yo ofri l manje. Se Mat ki t'ap sèvi manje a. Laza menm te pami moun ki te chita bò tab la avèk Jezi. ³Lè sa a, Mari pran yon boutèy

demi lit plen yon odè ki fèt ak yon fèy yo rele n'a. Odè sa a te vann byen chè. Li vide tout odè a sou pye Jezi. Apre sa, li siye yo ak cheve li. Tout kay la te plen sant odè a. ⁴Yonn nan disip Jezi yo, sa ki ta pral trayi l la, Jida Iskaryòt, di konsa: ⁵Poukisa yo pat vann odè sa a pou twasan (300) goud? Yo ta bay pòv lajan sa a. ⁶Li pat di sa paske li te vle fè kichòy vre pou pòv yo, men paske se vòlè li te ye. Se li ki te kenbe kès lajan an, li te konn pran nan sa yo te mete ladan li. ⁷Men, Jezi di li: Kite l an repo! Kite l konsève odè sa a pou jou y'a mete kò m nan kavo a. ⁸Kanta pòv yo, n'a toujou genyen yo avè nou. Men mwen menm, nou p'ap genyen m tout tan.

Jezi merite tout onè

Lè Jezi te leve Laza nan lanmò, konsèy Jwif yo te deside pou Jezi mouri. Men zanmi Jezi yo te kontan avèk anpil lajwa epi yo te reyalize yon soupe espesyal pou onore Jezi. Se lè sa a Mari te konnen kiyès Jezi te ye vrèman. Lanmou li pou Jezi te rann li ofri yon pafen chè ki te vo salè yon ane pou yon travayè. Mari te konprann pawòl Jezi yo li te genyen pou yo krisifye l nan kèk jou (Matye 26:2).

O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l (Revelasyon 4:11).

Jan fè yon koudèy nan syèl la, lè tout rachte yo nan tout fanmi, lang, pèp ak nasyon pral jwenn avèk dimil fwa dimil zanj pou bay Jezi glwa. **Ti Mouton yo te touye a merite vre pou yo ba l pouvwa, richès, bon konprann ak fòs, respè, onè ak lwanj** (Revelasyon 5:12b). Jezi merite pou yo ba li tout glwa ak adorasyon.

Kado nou ka bay Jezi

Kisa nou ka bay Jezi pou nou montre adorasyon ak rekonesans nou? Pòl di, **1Se sa ki fè, frè mwen yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri nou tankou yon sakrifis apa bay Bondye, yon sakrifis vivan k'ap fè li plezi. Se sèl jan pou nou sèvi Bondye tout bon vre. 2Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè l'a fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l plezi, sa ki bon nèt ale** (Women 12:1, 2). An n bay Jezi kò nou pandan n ap viv pou n fè l plezi. An nou bay Jezi lespri nou pou nou panse ak non li, pawòl li, ak travay li olye de bagay nan mond lan.

Wi kèk moun ka panse w ap gaspiye lavi w ak talan w paske w ap sèvi Bondye. Eske Jida pa t panse ke ofrann Mari a te gaspiye? Men kote Jida ye kounya? **Y'ap toujou chonje yon nonm debyen, y'a fè lwanj pou li. Men talè konsa, non mechan an ap sèvi jouman** (Pwovèb 10:7). **Yo p'ap janm bliye l** (Sòm 112:6b).

Lè nou montre lanmou nou pou frè kretyen nou yo, nou onore Kris k ap viv nan yo. Eske ou trete paran kretyen ou yo, mari ak madanm, oubyen timoun nou yo menm jan nou trete Jezi? Nou onore Jezi tou lè nou renmen ènmi nou yo paske li mande nou pou n fè sa (Matye 5:44).

Kris renmen nou anpil, li bay tèt li pou *nou* tankou yon *ti mouton yo ofri pou touye pou Bondye, ofrann k'ap fè Bondye plezi ak bon sant li (Efezyen 5:2b). **Gremesi Jezikri, sèl ofrann san n'ap ofri bay Bondye a, se lwanj n'ap ba li tout tan. Se tout tan pou non l nan bouch nou** (Ebre 13:15).*

LESON 19. ISTWA YON WA DEPRIME



Jan 12:12-16

¹²Nan denmen, tout foul moun ki te vini pou fèt Delivrans jwif yo te vin konnen Jezi t'ap rive lavil Jerizalèm. ¹³Lè sa a, yo koupe fèy palmis, yo soti ale

kontre li. Yo t'ap plede rele: Beniswa Letènèl! Benediksyon pou moun ki vini nan non Mèt la! Wi, benediksyon pou Wa pèp Izrayèl la! ¹⁴Jezi te jwenn yon ti bourik. Li moute chita sou li, jan sa te ekri nan Liv la: ¹⁵Nou pa bezwen pè, nou menm ki nan lavil Siyon an. Gade, men wa nou an ap vini: Li moute yon jenn ti bourik. ¹⁶Disip yo pat konprann bagay sa yo lamenm. Men, se jouk apre, lè Jezi te fin moute nan syèl la, yo vin chonje tout bagay sa yo te ekri davans nan Liv la, epi se sa menm ki te rive lè moun yo te fè sa pou li.

Jezi pral retounen kòm yon gran Wa

Pwofèt Ansyen Testaman an te di, **Nou menm moun ki rete sou mòn Siyon an, fè fèt, fè gwo fèt! Nou menm moun lavil Jerizalèm, rele, chante tèlman nou kontan! Gade! Men wa nou an ap vin jwenn nou! Li rann jistis san patipri. Li genyen batay la. Li san lògèy. Li moute yon bourik, yon ti bourik dèyè manman (Zakari 9:9).** Wi, lè Jezi ap vini kòm yon nonm, kòm sovè, kòm yon sèvitè klèman jan pwofèt yo te di sa. Plis ke 300 pwofesi te akonpli nan lavi Jezi, lanmò ak rezirèksyon. Men twa fwa *plis* ke sa dwe akonpli lè Jezi ap retounen kòm yon gran wa pou renye sou latè (Revelasyon 20:4).

¹⁶Lè sa a, n'a tande yon gwo lòd pase, n'a tande vwa chèf zanj lan ansanm ak kout klewon Bondye a: epi Senyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve sòti vivan an premye. ¹⁷Apre sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki sòti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nyaj yo pou n'al kontre Senyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap

toujou ansanm ak Senyè a (1 Tesalonisyen 4:16, 17).


⁷Lè Jezi va parèt nan syèl la avèk zanj li yo ki gen pouvwa. ⁸L'a parèt nan mitan gwo flanm dife pou pini tout moun ki pa konn Bondye yo ansanm ak moun ki p'ap mache dapre bon nouvèl ki pale sou Jezi, Senyè nou an (2 Tesalonisyen 1:7b, 8).

Eske ou pare pou lè l ap vini?

Bondye toujou kenbe pwomès li yo . Li te retade lè l ap vini an pou plis moun ka sove. **Li pa ta renmen pèsonn peri, li ta vle pou tout moun tounen vin jwenn li** (2 Pyè 3:9b). Men l ap vini talè konsa! Eske nou pare, pou nou viv yon lavi nan sentete epi pou nou mennen lòt moun bay Jezi? **¹⁰Men, jou Senyè a ap vini sou nou tankou yon vòlò nan mitan lannwit. Lè sa a, syèl la pral disparèt ak yon gwo gwo bri. Tout bagay pral pran dife, y'ap fonn nèt. Latè ak dènye bagay ki ladan l va boule, y'ap tounen sann. ¹¹Si tout bagay gen pou disparèt konsa, nou pa bezwen mande ki kalite moun nou dwe ye: Se pou nou sèvi Bondye, se pou nou viv pou li ase** (2 Pyè 3:10, 11).

LESON 20. ISTWA GRENN BLE A

Jan 12:24-26



²⁴Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon grenn mayi ap rete pou kont li toutotan li pa tonbe atè pou l mouri. Men tou, si l mouri,

l'ap bay anpil grenn. ²⁵Moun ki renmen lavi l ap pèdi li. Men moun ki rayi lavi li pandan l sou latè a, l'ap konsève l pou lavi ki p'ap janm fini an. ²⁶Si yon moun ap sèvi m, se pou l swiv mwen tou. Konsa, tout kote m'a ye, sèvitè mwen va la tou. Papa m va leve tèt tout moun k'ap sèvi mwen.

Kisa sa vle di mouri?

Mouri vini avan pouvwa rezirèksyon. Se te yon verite pou Kris la epi se te yon verite pou nou. Apot Pòl te montre nou kisa sa vle di lè nou mouri nan avantaj Kris la. **⁷Men, si yon lè mwen te konsidere tout bagay sa yo tankou yon garanti, kounyeya yo pa vo anyen pou mwen, akòz Kris la. ¹⁰Se yon sèl bagay mwen bezwen: se**

konnen pou m konnen Kris la, pou m santi nan mwen pouvwa ki te fè l leve sòti vivan nan lanmò a (Filipyen 3:7, 10a).

Anpil fwa obeyi Jezi vle di kèk dezi lachè dwe mouri. Men lè nou mouri pou kont nou epi pouvwa Kris la nan nou ka manifeste. Nou ka evalye ansyen lavi nou ki krisifye avèk Kris la, lavi nou fenk genyen pa lafwa lè n ap mache nan obeyisans. **Se sa ki fè, viv m'ap viv koulèyey, se pa mwen k'ap viv, men se Kris k'ap viv nan mwen: Lavi sa a m'ap viv la, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki sitèlman renmen mwen, li bay lavi li pou mwen (Galat 2:20). Men si, okontrè, ak pouvwa Lespri Bondye a, nou touye egzijans lachè, n'ap gen lavi (Women 8:13).** Kite Lespri Bondye gide nou menm jan nou ta dwe fè kèk bagay mouri nan lavi nou: kèk move abitud, kèk move konpòtman petèt? Kòm nou *chwazi* konte ke lanmò epi mache nan obeyisans pral fè nou jwenn pouvwa Bondye k ap mennen nou nan yon lòt lavi. L ap ban nou pouvwa pou nou gen lòt abitud, lòt konpòtman epi pou nou wè laviktwa nan lavi nou. **Paske, se Bondye menm k'ap travay ni nan volonte nou ni nan fòs nou pou fè nou fè jan lide li di li (Filipyen 2:13).**

LESON 21. JEZI ANSENYE AVEK EGZANP EPI KOMANDMAN

Jan 13:3-17, 34, 35

³Jezi te konnen pou tèt pa l li te sòti nan Bondye, epi li t'ap tounen jwenn Bondye ankò. Li te konnen Papa a te ba li pouvwa sou tout bagay. ⁴Li leve sot devan tab la, li wete gwo rad li a, li pran yon sèvyèt, li mare l nan ren li. ⁵Aprè sa, li vide dlo nan yon kivèt. Epi li konmanse lave pye disip li yo. Li t'ap siye yo ak sèvyèt li te mare nan ren l lan. ⁶Se konsa, li rive sou Simon Pyè ki di l konsa: Mèt, ou menm ki pral lave pye mwen?



⁷Jezi reponn li: Kounyeya ou pa konprann sa m'ap fè a. Men, w'a konprann pita. ⁸Pye di li: Non, mwen p'ap janm

kite ou lave pye mwen. Jezi reponn li: Si m pa lave pye ou, ou p'ap disip mwen ankò. ⁹Si-mon Pyè di li: Si se konsa, Mèt, se pa pye m ase pou ou lave. Lave men m yo tou ansanm ak tèt mwen. ¹⁰Jezi di li: Lè yon moun fin benyen, tout kò l pwòp. Se pye l ase ki bezwen lave. Nou menm, nou tou pwòp, men se pa nou tout ki pwòp. ¹¹(Jezi te konnen ki moun ki ta pral trayi li. Se poutèt sa li te di: Se pa nou tout ki pwòp.) ¹²Lè l fin lave pye yo tout, Jezi mete gwo rad la sou li ankò, li tounen nan plas li bò tab la, epi li di yo: Eske nou konprann sa m sot fè la a? ¹³Nou rele m Mèt, nou rele m Senyè. Nou gen rezon, se sa m ye vre. ¹⁴Si mwen menm ki Senyè, mwen menm

ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou yonn lave pye lòt. ¹⁵Mwen ban nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an. ¹⁶Sa m'ap di nou la a se vre wi: Yon sèvitè pa janm pi enpòtan pase mèt li. Moun yo voye a pa janm pi enpòtan pase moun ki voye li a. ¹⁷Kounyeya nou konn bagay sa yo. Benediksyon pou nou si nou fè menm jan an tou.

³⁴Men, m'ap ban nou yon kòmandman nouvo: Se pou nou yonn renmen lòt. Wi, se pou nou yonn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an. ³⁵Si nou yonn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye.

Yon bagay pou fè

Ki de bagay Jezi te anseye pa egzanp pa l?

1. Li te di: “Si mwen menm ki Senyè, mwen menm ki Mèt, mwen _____ nou, konsa tou, nou menm, se pou nou youn _____ lòt” (vèsè 14).

2. Li di tou: “Se pou nou yonn _____ lòt menm jan mwen _____ nou an” (34).

Sekrè kè kontan

Jezi te di nou ka kontan si nou swiv egzanp li yo epi sèvi lòt yo. Se pa ti bèl imaj pou nou wè Kreyatè a panche epi fè travay yon sèvitè: netwaye pousyè jounen an nan pye disip yo. ⁵**Se pou nou yonn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi Kris la:**

⁶Sa Bondye ye a, se sa l te toujou ye. Men, li pat janm konsidere sa tankou yon avantaj pou l te chache kenbe ak tout fòs. ⁷Okontrè, se li menm menm, poutèt pa li, ki te chwazi mete sa sou kote. Li te pito desann li fè tèt li tounen sèvitè. Li vin menm ak tout moun. ⁸Li rabese tèt li. Tankou yon moun, li soumèt devan Bondye. Li obeyi Bondye jouk li rive asepte mouri, wi jouk li asepte mouri sou kwa a. ⁹Se poutèt sa, Bondye leve l mete chita kote ki pi wo a (Filipyen 2:5-9a).

An nou chèche mwayen pou nou sèvi lòt yo pou nou detèmine bezwen yo. Si nou fè sa, n ap gen kè kontan. Lè n ap sèvi epi renmen lòt yo sa montre nou aklè nou se disip Kris paske se sa li te fè pou nou.

LESON 22. SENK BÈL PWOMÈS

1. Jan 14:1-3, 6

¹...Pa kite tèt nou toumante. Mete konfyans nou nan Bondye, mete konfyans nou nan mwen tou. ²Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pat vre, mwen pa ta di nou sa. ³Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen vin chache nou. Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou. ⁶Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.

2. Jan 14:12

¹²Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki mete konfyans li nan mwen, li gen pou l fè tou sa m'ap fè a. L'a menm rive fè

pi gwo bagay toujou, paske mwen pral jwenn Papa a.

3. Jan 14:13, 14

¹³Tou sa n'a mande nan non mwen, m'a fè l' pou nou pou Pitit la ka wè pouvwa Papa a. ¹⁴(Nenpòt kisa n'a mande nan non m, m'a fè l pou nou.)



4. Jan 14:15-17

¹⁵Si nou renmen m, se pou n obeyi kòmandman m yo.
¹⁶Mwen menm, m'ap mande Papa a ban nou yon lòt pwotektè dekwa pou li toujou la avèk nou. ¹⁷Se Lespri verite a. Sila a lemonn pa ka resevwa a, paske yo pa wè li, ni yo pa konnen li. Men nou menm, nou

konnen li paske li la avèk nou epi l'ap nan nou.

5. Jan 14:27

²⁷M'ap ban nou kè poze. M'ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen p'ap fè li pou nou jan sa fèt dapre prensip ki nan lemonn. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè.

1. Jezi te pwomèt l al **prepare yon plas** pou moun k ap swiv li (Jan 14:1-3, 6).

2. Jezi te pwomèt **pi gwo pouvwa** paske li pral jwenn papa a. Lespri vivan ki nan kwayan li yo kapab fè pi gwo bagay ke Jezi te ka fè kòm yon nonm vivan sou latè (Jan 14:12).

3. Jezi te pwomèt **pi gwo benefis lapriyè** pou sila yo ki te pou li (Jan 14:13, 14).

4. Jezi te pwomèt yon **pi gwo prezans** avèk chak disip. Lè Sentespri a desann, Jezi te kapab viv nan chak kwayan pa sèlman avèk yo (Jan 14:15-17).

5. Jezi te pwomèt yon **pi gwo lapè** ke mond lan te ka bay (Jan 14:27). Nou pa bezwen janm pè **paske lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan moun ki pou lemonn yo** (1 Jan 4:4b).

Yon bagay pou fè

A. Li vèsè yo ankò avèk atansyon kòm si Jezi se *avèk ou* li t ap pale. Sou yon bout papyè, ekri tout bagay ke Jezi te di li menm oubyen Sentespri a pral fè pou *ou*.

B. Chwazi 3 vèsè nan Jan 14 ki espesyal pou ou epi memorize yo. Ekri pasaj yo la:

LESON 23. ISTWA PYE REZEN AN



Jan 15:1-11

¹Mwen se pye rezen tout bon an. Papa m se moun k'ap okipe pye rezen an. ²Li koupe tout branch nan mwen ki pa donnen. Li netwaye tout branch ki donnen pou yo ka donnen plis toujou. ³Nou menm, avèk tou sa m moutre nou yo, nou deja nan kondisyon pou n fè volonte Bondye. ⁴Se pou nou fè yonn ak mwen, menm jan mwen fè yonn ak nou an. Yon branch pa ka donnen poukont li si li pa fè yonn ak kò pye a. Konsa tou, nou p'ap kapab donnen si nou pa fè yonn ak mwen.

⁵Mwen se pye rezen an, nou se branch yo. Moun ki fè yonn

avè m, moun mwen fè yonn ak li, l'ap donnen anpil, paske nou pa kapab fè anyen san mwen. ⁶Moun ki pa fè yonn ak mwen, y'ap koupe l voye jete. L'ap cheche tankou yon branch bwa. Lè branch bwa yo cheche, yo ranmase yo, yo jete yo nan dife, yo boule yo. ⁷Si nou fè yonn ak mwen, si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou mèt mande sa nou vle, y'a ban nou li. ⁸Men ki jan pouvwa Papa m lan va parèt aklè: se lè nou donnen anpil, lè nou fè wè se disip mwen nou ye. ⁹Jan Papa a renmen m lan, se konsa mwen renmen nou tou. Nou menm, se pou nou renmen menm jan mwen renmen nou an.

¹⁰Si nou fè tou sa mwen ban nou lòd fè a, n'a renmen m tou menm jan mwen renmen nou an. Menm jan mwen menm, mwen fè tou sa Papa a te ban m lòd fè a, mwen renmen l menm jan li renmen m tou. ¹¹Mwen di nou tou sa pou kè kontan m lan ka nan nou, pou nou ka kontan nèt ale.

Soumisyon nan Kris

Si nou resevwa padon ak pirifikasyon ak yon lòt lavi nan Jezi pandan nou kwè nan li depi nan kòmansman, nou dwe *kontinye* viv pa lespri li nan lavi kreyèn nou. Nou pa dwe janm panse nou ka viv

pa pwòp fòs nou oubyen kapasite nou. Paul te di, **Ki jan nou fè egare konsa? Nou konmanse ak pouvwa Lespri Bondye a, kounyeya nou vle fini ak pwòp fòs kouraj nou?** (Galat 3:3).

Pafwa Jezi konn pini nou oubyen koupe branch nou. Sa vle di nou pase nan tan soufrans ak eprèv yo. Li sèlman vle nou vin donnen *plis fwi*. **Lè y'ap rale zòrèy nou, sa fè nou pi tris pase sa fè nou kontan. Men pita, moun ki soti byen pare, apre tout egzèsis sa yo, yo pral mennen yon lavi dwat ak kè poze** (Ebre 12:11).

Kisa ki fwi espiritiyèl?

Pòl di nou: **Lespri Bondye a bay renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seryozite, li fè ou gen bon manyè. Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontwòl kò ou** (Galat 5:22, 23). Kòm nou mande Jezi netwaye nou, chak jou mande Lespri li ranpli nou. Lavi nou pral kòmanse pwodwi plis ak plis bon fwi. Fwi lajistis mande pou w gen yon kè k ap chante kè kontan, yon Lespri soumisyon, mennen lòt yo bay Jezi, angaje nan travay Bondye, pa gaspiye tan, pale pawòl Bondye avèk kouraj epi jwenn repons lapriyè nou yo.

Yon avètisman serye

Si nou pa *soumèt* nou nan Jezi, Jezi avèti nou se yon branch jete, fennen, rasanble epi boule. Sèlman sa yo li bay donnan soumisyon nan Kris se disip li (vèsè 6 ak vèsè 8). Apot Jid raple nou **lè Bondye te fin delivre pèp Izrayèl la anba moun Lejip yo, li te detwi tout moun ki pat kwè yo** (Jid 5b).

Puiske nou pa ka bay donnan pou tèt pa nou, li bon pou n gade nan pawòl Bondye kòm si nou t ap gade nan yon miwa pou sonde tèt nou. **Kritike tèt nou nou menm. Egzamine konsyans nou nou menm pou wè si n'ap viv ak konfyans nan Bondye. Nou fèt pou nou rekonèt si Jezikri nan lavi nou, esepite si nou pa ta kapab bay prèy nou gen konfyans nan Bondye** (2 Korènt 13:5).

Si nou genyen pawòl Jezi nan nou epi obeyi sa li di nou yo, n ap ka soumèt nan lanmou li (Jan 15:10). Si nou konnen rekonèt Lespri Kris la nan nou, nou pa bezwen pè paske Sentespri a se yon *garanti* ak yon *asirans* nou se pou li. Sonje *renmen* se egzamen enpòtan an: **Bondye se renmen an menm. Moun ki gen renmen nan kè yo, yo fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak yo** (1 Jan 4:16b). Gade kòman Bondye renmen w! Viv nan renmen sa a.

LESON 24. CHWAZI POU VIN ZANMI

Jan 15:12-17

¹²Men kòmandman m'ap ban nou: Se pou nou yonn renmen lòt menm jan mwen renmen nou. ¹³Pa gen pi bon jan pou ou moutre jan ou renmen zanmi ou pase lè ou bay lavi ou pou yo. ¹⁴Nou tout, se zanmi m nou ye depi nou fè sa m mande nou fè. ¹⁵Mwen p'ap rele nou domestik, paske yon domestik pa konnen sa mèt li ap fè. M'ap

rele nou zanmi paske mwen fè nou konnen tou sa Papa a te moutre mwen. ¹⁶Se pa nou ki chwazi m, se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa pou n ale, pou n ka donner, pou donn nou ka konsève. Konsa, Papa a va ban nou nen-pòt kisa n'a mande nan non mwen. ¹⁷Wi, men sa m mande nou: Se pou nou yonn renmen lòt.

LESON 25. JEZI ANSENYE NOU N AP JWENN PÈSEKISYON

Jan 15:18-25

¹⁸Si moun k'ap viv dapre prensip lemonn yo rayi nou, pa bliye yo te rayi m anvan yo te rayi nou. ¹⁹Si nou te moun lemonn, lemonn ta renmen nou, paske nou ta pou li. Men, mwen chwazi nou, mwen wete nou anba pouvwa lemonn. Se poutèt sa lemonn rayi nou: nou pa moun lemonn ankò. ²⁰Chonje sa m te di nou: Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Si yo pèsekite m, y'a pèsekite nou tou. Si yo fè sa m te moutre yo, y'a fè sa n'a moutre yo tou. ²¹Men, y'ap fè nou tou sa poutèt mwen, paske yo pa konnen moun ki te voye

m lan. ²²Si m'pa te vini, si m'pa te pale avè yo, yo pa ta antò, yo pa ta peche. Men koulyeya, yo pa gen eskiz pou peche yo. ²³Moun ki rayi m, li rayi Papa m tou. ²⁴Si m'pa te fè bagay okenn lòt moun pa te janm fè nan mitan yo, yo pa ta antò, yo pa ta peche. Men koulyeya, yo wè sa m'fè, yo rayi ni mwen ni Papa m'. ²⁵Men, yo fè tou sa pou pawòl ki ekri nan Lalwa yo a te ka rive vre: Yo rayi m san m pa fè yo anyen.

Jan 16:1-3, 33

¹Mwen di nou sa pou nou pa dekouraje lè sa rive. ²Y'a radye nou nan sinagòg yo.

Rive yon lè, moun ki touye nou va mete nan tèt yo se sèvi y'p sèvi Bondye. ³Y'ap fè tou sa paske yo pa konnen ni Papa a ni mwen menm. ³³Mwen pale

konsa pou nou kapab gen kè poze nan mwen. Nou gen pou n soufri anpil sou latè. Men, pran kouray, lemonn deja pèdi devan mwen.

Yon bagay pou fè

1. Mond lan rayi moun k ap swiv Jezi paske yo pa moun _____ lan (15:19)
2. Jezi di, Moun ki rayi m, li rayi _____ m tou (15:23).
3. Malgre Jezi te fè anpil bèl bagay pandan l te sou tè a, mond ki pa gen lafwa a te _____ epi _____ ni Jezi ni papa l (15:24).
4. Se tout bon mond lan rayi Jezi san _____ (15:25).
5. Lè a ap rive lè moun k ap _____ kretyen yo pral panse se pou _____ y ap travay (16:2).
6. Y ap fè tout vye bagay sa yo paske yo pa t _____ papa a ni Jezi (16:3).
7. Malgre n ap jwenn tribilasyon nan mond lan, men nou kapab gen kè kontan paske Jezi _____ mond lan (16:33).

LESON 26. JEZI PRIYE POU NOU

Jan 17:1-8, 15-26

¹Aprè Jezi fin pale konsa, li leve je l anlè nan syèl la, li di: O Papa, lè a rive. Fè yo wè bèl pouvwa Pitit la, pou Pitit la ka fè yo wè bèl pouvwa ou la tou. ²Ou te ba li otorite sou tout moun dekwa pou li ka bay tout moun ou ba li yo lavi etènèl.

³Lavi etènèl, se konnen ou, ou menm sèl Bondye tout bon an, se konnen Jezikri, moun ou voye a. ⁴Mwen te fè yo wè bèl pouvwa ou sou tè sa a. Mwen fè tou sa ou te ban m fè. ⁵Kounyeya, Papa, ban mwen bèl pouvwa devan je ou, menm pouvwa mwen te genyen lè m

te avè ou la depi anvan ou te kreye tout bagay. ⁶Moun ou te pran nan lemonn ban mwen yo, mwen devwale yo ki moun ou ye. Se pou ou yo ye. Se ou menm ki te ban mwen yo. Epi yo kenbe pawòl ou. ⁷Kounyeya, yo konnen tou sa ou ban mwen se nan men ou yo sòti. ⁸Paske mwen ba yo pawòl ou te ban mwen an. Yo resevwa li. Yo rekonèt mwen sòti tout bon bò kote ou, yo kwè se ou ki voye m vre. ¹⁵Mwen pa mande ou pou wete yo nan lemonn lan, men pou ou pwoteje yo anba Satan. ¹⁶Yo pa moun lemonn, menm jan mwen pa moun lemonn. ¹⁷Fè yo viv pou ou nèt gremesi verite a. Pawòl ou se verite a. ¹⁸Mwen voye yo nan lemonn lan menm jan ou te voye m nan lemonn lan. ¹⁹Se pou yo m'ap viv jan ou vle l la, pou yo menm tou yo ka viv jan ou vle l la, gremesi verite a. ²⁰Se pa pou yo sèlman m'ap lapriyè, men pou tout moun ki va mete konfyans yo nan mwen lè y'a tandè mesay la. ²¹M'ap lapriyè pou yo tout fè yon sèl. Papa, se pou yo tout fè yonn ansanm ak nou, menm jan ou menm ou nan mwen, mwen menm mwen nan ou. Se pou yo tout fè yon sèl pou moun ki nan lemonn yo ka kwè se ou ki te voye mwen.



²²Mwen te ba yo menm pou-vwa ou te ban mwen an, pou yo tout te ka fè yonn menm jan ou fè yon sèl avè m tou: ²³mwen nan yo, ou nan mwen, pou yo tout fè yon sèl nèt ale, pou moun ki nan lemonn yo ka rive rekonèt se ou ki te voye m, pou yo ka rive konnen ou renmen yo menm jan ou renmen m lan. ²⁴Papa, se ou ki te ban mwen yo. Mwen ta vle pou yo toujou avè m kote m prale a, pou yo ka wè pouvwa mwen, pouvwa ou te ban mwen an, paske ou te renmen m depi lontan anvan ou te kreye tout bagay. ²⁵O Papa, ou menm ki fè tout bagay byen, moun ki nan lemonn yo pa konnen ou. Men

mwen menm, mwen konnen ou. Moun sa yo konnen se ou ki te voye mwen. ²⁶Mwen te fè yo konnen ki moun ou ye. M'ap

kontinye fè sa toujou, pou ka-
lite renmen ou gen pou mwen
an ka nan yo, pou mwen menm
mwen ka nan yo tou.

Jezi priye pou ou

Pwofèt Ezayi te pwofetize ke Mesi a te pran plas moun ki t ap fè sa ki mal (Ezayi 53:12). Li te vle bay anpil moun ki resevwa l lavi ki p ap janm fini an (Jan 17:2).

Jezi te priye tou pou disip li yo. Avan sa li te di Pyè, **Simon, Simon koute: Satan mande pouvwa pou l pase nou tout nan laye, tankou grenn y'ap vannen. Men, mwen lapriye pou ou, Simon, pou konfyans ou nan Bondye pa febli** (Lik 22:31, 32a). Kounya ankò avan li mouri, Jezi priye pou disip li yo pou yo ka kanpe devan Satan, mechan an. Li priye tou pou tout moun k ap vini nan lòt jenerasyon yo k ap gen konfyans nan Jezi akòz temwanyaj disip sa yo ki gen lafwa. Li te priye pou *ou*!

Li priye pou ou san rete. **Se poutèt sa, depi kounyeya, epi pou tout tan, li ka delivre tout moun, l'ap fè yo pwoche bò kote Bondye paske li menm li toujou vivan, l'ap lapriye Bondye pou yo** (Ebre 7:25). Gade gwosè yon sovè nou genyen! Epi gade kòman li priye pou nou pou nou fè yon sèl avèk li epi yon sèl ak lòt yo nan renmen. Ke priye li yo jwenn repons nan lavi w ak lakay ou jodi a.

Après lè Jezi t ap priye nan jaden Jetsemane, li mande disip li yo, **Kouman? Nou pat kapab rete je klè yon ti kadè avèk mwen!** (Matye 26:40b). Èske ou pase tan sèl avèk Jezi chak jou nan priye pou kò li ki se legliz la? Gade yon privilèj se lè ou rankontre avèk li devan twòn lagras la chak jou! **Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fòtèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesesisite** (Ebre 4:16).

LESON 27. JEZI TE GEN POUVWA SOU LAVI LI AK LANMÒ LI

Jan 10:17, 18

¹⁷Papa a renmen m, paske m'ap bay lavi m pou m ka resevwa l ankò. ¹⁸Pèsonn pa ka wete lavi m'. Se mwen ki bay li, paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou m'bay li, mwen gen pouvwa pou m'reprann li. Se sa menm Papa m' te ban m' lòd fè.

Jan 19:4-11

⁴Pilat sòti ankò, li pale ak foul moun yo, li di: Koute. Mwen pral mennen l isit la deyò pou nou ka konprann mwen pa jwenn okenn rezon pou m kondannen nonm sa a. ⁵Se konsa, Jezi sòti: li te gen kouwòn pikan an nan tèt li ak gwo rad wouj fonsa a sou li. Pilat di yo: Men nonm lan! ⁶Lè chèf prèt yo ansanm ak gad yo wè l, yo konmanse rele: Kloure l sou yon kwa! Kloure l sou yon kwa! Pilat di yo: Pran l, kloure l sou kwa a nou menm. Mwen pa wè rezon pou m kondannen l, mwen menm. ⁷Jwif yo reponn li: Nou gen yon lwa. Dapre lwa



sa a, li gen pou l mouri paske li fè tèt li pase pou Pitit Bondye. ⁸Lè Pilat tandè sa, li vin pi pè toujou. ⁹Li antre nan palè a, li mande Jezi: Ki kote ou sòti? Men, Jezi pa reponn li. ¹⁰Lè sa a, Pilat di li: Ou p'ap pale avè mwen? Ou pa konnen mwen gen pouvwa pou m lage ou, mwen gen pouvwa pou m fè yo kloure ou sou yon kwa? ¹¹Jezi reponn li: Ou pa ta gen okenn pouvwa sou mwen si se pat Bondye nan syèl la ki te ba ou li. Se poutèt sa, moun ki lage m nan men ou lan, li pi koupab pase ou.

Eske Jezi te ka mouri?

Puiske Jezi se te pitit Bondye tout bon an, èske li te posib pou moun touye l? Pèsonn pa t gen pouvwa sou li. Sèlman li menm ki te ka chwazi mouri epi tounen vivan ankò.

Jezi te di Pilat, ...**Nan peyi kote m wa a, se pa tankou peyi ki**

sou latè. Si gouvènman peyi kote m wa a te tankou gouvènman peyi ki sou latè, sèvitè m yo ta goumen pou mwen. Yo pa ta kite m tonbe nan men jwif yo... (Jan 18:36). Jezi *te kite* Jwif yo arete l. Lè yo arete l, li di, **Ou pa konnen mwen ta ka rele Papa m vin ede mwen. Menm lè a, li ta voye depase douz lame zanj ban mwen. Men lè sa a, ki jan sa ki ekri nan Liv la ta ka rive vre? Paske Liv la di: Se konsa pou sa pase** (Matye 26:53, 54). Zanj yo ki t ap sèvi Jezi pandan l t ap priye nan jaden an te ka detwi sòlda ki te arete l yo. Men Jezi te konnen plan Bondye ki te ekri nan pawòl la.

Jezi te di, **Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen pou m souffri anpil. Chèf fanmi yo, chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo, yo yonn p'ap vle wè mwen. Y'ap fè yo touye mwen. Men, sou twa jou m'ap leve sòti vivan nan lanmò** (Lik 9:22b). Ou wè, Jezi te mouri paske se te *plan Bondye* depi nan kòmansman mond lan (Revelasyon 13:8).

Se te yon gwo plan Bondye pou Jezi te venk lanmò! **Moun li rele pitit li yo, se moun ki gen yon kò ki fèt ak chè ak san. Jezi vin tankou yo tou, menm chè ak yo, menm san ak yo. Konsa, lè li mouri, li detwi Satan ki te gen pouvwa pou touye moun. Li delivre tout moun ki pase tout lavi yo esklav paske yo te pè lanmò** (Ebre 2:14, 15). Eske ou pè lanmò? Jezi te mouri pou delivre nou! Wi, Jezi *te chwazi* imilye lavi l pou nou!

LESON 28. YO KRISIFYE JEZI EPI EPI ANTÈRE L

Jan 19:17, 18, 30-37


¹⁷Jezi sòti deyò lavil la, li t'ap pote kwa li jouk yon kote yo rele: Zo bwa Tèt la (an lang ebre, yo rele l: Gòlgota). ¹⁸Rive la, sòlda yo kloure l sou kwa a. Anmenmtan yo kloure de lòt moun sou kwa tou, yonn chak bò, Jezi menm nan mitan yo. ³⁰Lè Jezi fin pran vinèg la, li di: Tou sa ki pou te rive rive! Apre sa, li bese tèt li, li mouri.

³¹Se te lavèy jou saba a. Jwif yo pa te vle pou kadav la rete sou kwa a jou saba a paske jou repo a te yon gwo jou fèt. Yo mande Pilat pou li fè kraze janm moun ki kloure sou kwa yo pou fin touye yo. Epi pou li fè yo wete kadav yo. ³²Se lè sa a, sòlda yo vini, yo kraze janm premye nonm yo te kloure sou kwa menm lè ak Jezi a. Apre sa, yo kraze janm dezyèm lan

tou. ³³Men, lè yo rive sou Jezi, yo wè li te gentan mouri. Se sa k fè yo pat kraze janm li yo. ³⁴Men, yonn nan sòlda yo pèse bò kòt li avèk yon lans. Lamenm, dlo ak san koule sot nan twou a. ³⁵Moun k'ap rapòte bagay sa yo te wè yo ak je li. Sa l'ap di a se vre. Li konnen li menm l'ap di laverite, pou nou menm tou nou ka kwè. ³⁶Tou sa pase konsa pou pawòl ki te ekri nan Liv la te ka rive vre: Yo pa kraze yon sèl zo nan kò li. ³⁷Gen yon lòt pawòl yo te ekri ankò ki di: Y'a leve je yo gade, y'a wè moun yo te pèse a.

Jan 19:40-42

⁴⁰Yo tou de rive, yo pran Jezi. Pandan yo t'ap vlope l nan



bann twal fen yo, yo mete lwil santi bon sou li jan jwif yo te konn fè lè y'ap antere moun. ⁴¹Kote yo te kloure Jezi sou kwa a te gen yon jaden. Nan jaden an te gen yon kavo tou nèf. Yo pat ankò mete pèsounn ladan li. ⁴²Se te lavèy saba jwif yo, epi kavo a te toupren. Se sa ki fè, se la yo te mete kò Jezi.

Lanmò Kris la se pa t yon aksidan

Kle pou w konprann Labib ap pèmèt nou reyalize ke pawòl la santre sou Kris la. Epi li pran esplik yo tou sa ki te ekri sou li nan Liv yo. Li konmanse ak Liv Moyiz yo, li pase nan tout Liv pwofèt yo (Lik 24:27). Jezi te konnen sa li pran esplik yo, tou sa ki te ekri sou mwen nan lalwa Moyiz la, nan Liv pwofèt yo, menm nan sòm yo, fòk tou sa te rive (Lik 24:44b). ⁴⁵Lè sa a, li louvri lespri yo pou yo te ka konprann tou sa ki te ekri nan Liv yo. ⁴⁶Li di yo: Men sa ki te ekri: Kris la gen pou l souffri jouk li mouri, men sou twa jou li gen pou l sòti vivan nan lanmò. ⁴⁷Y'a pran non l pou yo mache fè konnen mesaj la nan tout peyi, konmanse lavil Jerizalèm, pou mande tout moun pou yo tounen vin jwenn Bondye pou yo ka resevwa padon peche yo (Lik 24:45-47).

Gade kòman plan Bondye bèl! Si ou gen yon Bib, etidye pawòl yo anba a pou w wè jan Bondye te bay plan l nan Ansyen Testaman an ak jan Jezi te akonpli plan sa a nèt. (Se sèlman kèk nan 300 pwofesi yo konsènan premye vini Jezi.)

Satan te pran otaj kreyasyon Bondye a, men Bondye te gen yon plan delivrans ki *mache* epi tout moun ki te bezwen delivre nan esklavaj *kounya!*


PLAN BONDYE pou JEZI	PWOFESI	AKONPLISMAN
Pwomès semans yon fanm	Jenèz 3:15	Galat 4:4
Pwomès semans Abraam	Jenèz 22:18	Travay 3:25
Nesans nan Betleyèm	Miche 5:2	Matye 2:1
Nesans yon vyèj	Ezayi 7:14	Matye 1:18
Ministè nan Galile	Ezayi 9:1, 2	Matye 4:12-16
Vin yon Pwofèt	Detewonòm 18:15	Jan 6:14
Vin yon Prèt	Sòm 110:4	Ebre 6:20
Vin yon Wa	Ezayi 9:7	Jan 18:36, 37
Jwif yo rejte l	Ezayi 53:3	Jan 1:11; 5:43
Antre ak kè kontan	Zakari 9:9	Jan 12:13-15
Yon zanmi trayi l	Sòm 41:9	Mak 14:10
Yo vann li pou 30 pyès lajan	Zakari 11:12	Matye 26:15
Fo temwen yo akize l	Sòm 27:12	Matye 26:60, 61
Li fè silans nan akizasyon yo	Ezayi 53:7	Matye 26:62, 63
Bat li epi krache sou li	Ezayi 50:6	Mak 14:65
Krisifye avèk brigan yo	Ezayi 53:12	Matye 27:38
Yo pèse men l ak pye l yo	Sòm 22:16	Jan 20:27
Pase l nan betiz ak ensilte l	Sòm 22:6-8	Matye 27:39, 40
Ba l vinèg pou l bwè	Sòm 69:21	Jan 19:29
Priye pou ènmi l yo	Ezayi 53:12	Lik 23:34
Yo Pèse bò kòt li	Zakari 12:10	Jan 19:34
Okenn zo l pa kraze	Sòm 34:20	Jan 19:33
Antere ak yon rich	Ezayi 53:9	Matye 27:57-60
Leve vivan	Sòm 16:10	Matye 28:9
Monte nan syèl	Sòm 68:18	Lik 24:50, 51

(Pou tout istwa lanmò Jezi li Matye 26 ak 27, Mak 14 ak 15, Lik 23 ak 23, Jan 18 ak 19, Ezayi 53, ak Sòm 22.)

LESON 29. JEZI LEVE SOTI NAN LANMÒ

Jan 20:1-9

¹Nan dimanch maten, byen bonè, li pat ankò fin jou, Mari, moun Magdala a, al nan kavo a. Li wè yo te wete wòch ki te fèmen bouch kavo a. ²Li kouri, l'al jwenn Simon Pyè ansanm ak lòt disip Jezi te renmen an, li di yo: Yo wete Senyè a kote l te ye nan kavo a. Nou pa konn kote yo mete li. ³Pyè pati ansanm ak lòt disip la, y'al nan kavo a. ⁴Yo t'ap kouri ansanm, men lòt disip la te pi rapid pase Pyè. Li rive bò kavo a anvan li. ⁵Li bese pou l gade anndan an. Li wè bann twal fen yo te fè yon pil atè a. Men, li pa antre. ⁶Lè Simon Pyè rive dèyè l, li antre nan kavo a. Li wè bann twal fen yo anpile atè a ⁷ansanm ak



moso twal ki te mare tèt Jezi a. Men, moso twal sa a pat menm kote ak bann twal fen yo. Li te vlope apa yon lòt kote. ⁸Se lè sa a, lòt disip ki te rive bò kavo a anvan an antre tou. Li wè, li kwè. ⁹(Disip yo pat ankò konprann sa ki te ekri nan Liv la kote yo te di Jezi te gen pou l te leve sòti vivan pami mò yo.)

Poukisa leve sòti nan lanmò a enpòtan anpil?

Jòb te poze kesyon an lontan sa, ...**Eske moun mouri ka leve?** (Jòb 14:14a). Sa se te yon bèl repons: ²⁵**Pou mwen menm, mwen konnen sa fen. Moun k'ap vin defann mwen an, li vivan. Se li menm k'ap kanpe andènye sou latè pou pale pou mwen.** ²⁶**Aprè mwen fin mouri, l'ap leve mwen kanpe ankò. Ak pwòp je mwen, m'ap wè Bondye mwen an** (Jòb 19:25, 26). Wi, paske n ap viv, nou menm tou n ap viv (Jan 14:19).

Wi, se vre: yo te kloure l sou yon kwa paske li te fèb. Men kounyeya, li vivan gremesi pouvwa Bondye a. Mwen menm tou, mwen fèb ansanm ak Kris la. Men, lè m'ap regle avèk nou, mwen vivan ansanm avè l tou, gremesi pouvwa Bondye a (2 Korent 13:4).

Pòl rezime tout mesaj levanjil nan de vèsè: **³Bagay mwen te moutre nou, se sa mwen menm mwen te resevwa. Se yo menm ki pi konsekan. Men yo: Kris te mouri pou peche nou, dapre sa ki ekri nan Liv la. ⁴Yo te antere li. Li resisite sou twa jou, jan sa ekri nan Liv la tou** (1 Korent 15:3, 4). Si se pa t Jezikri ki te leve sòti vivan nan lanmò, nou pa t ap jwenn anyen pou n preche. Nou pa t ap gen espwa. Nou t ap toujou viv nan peche epi kondane pou n mouri. Men louwanj pou Bondye, Jezi vivan epi l ap viv nan *ou*! **Si Lespri Bondye ki te fè Jezikri leve sòti vivan nan lanmò a rete nan nou, li menm ki te fè Jezikri leve sòti vivan nan lanmò a, li va bay kò nou yo ki la pou mouri a lavi tou, pa pouvwa Lespri li a ki rete nan nou** (Women 8:11).

Kounya nou dwe viv pou li

¹⁴Paske, se kalite renmen Kris la gen pou nou an k'ap dirije m: mwen gen konviksyon sa a, si yon sèl moun te mouri pou tout lòt yo, sa vle di tout lòt yo mouri ansanm avè li. ¹⁵Li mouri pou tout moun. Konsa, moun k'ap viv yo p'ap viv pou tèt pa yo ankò, men y'ap viv pou moun ki te mouri epi ki te leve sòti vivan nan lanmò pou yo a (2 Korent 5:14, 15). Nou te mouri nan peche nou yo lè Jezi te mouri pou nou; kounya nou vivan nan Bondye. Nou se lòt moun nan li. Nou pa dwe viv lòt lavi sa pou nou men pou li menm. Ou pa pou tèt ou kounya. **Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye** (1 Korent 6:20).

LESON 30. JEZI FÈ MARI WÈ L

Jan 20:11-17

¹¹Mari menm te rete deyò toupre kavo a. Li t'ap kriye. An-tan l t'ap kriye konsa, li bese tèt li pou l gade anndan kavo a. ¹²Li wè de zanj abiye tou blan, yo chita kote yo te depoze kò Jezi a. Yonn te nan plas tèt, lòt la nan plas pye yo. ¹³Zanj yo mande li: Madanm, poukisa



w'ap kriye konsa? Li reponn yo: Yo wete Senyè mwen an, m pa konn kote yo mete li. ¹⁴Lè l fin di sa, li vire tèt li, li wè Jezi ki te kanpe la, men li pat rekonèt si se te Jezi. ¹⁵Jezi mande li: Madanm, poukisa w'ap kriye konsa? Ki moun w'ap chache? Mari menm te kwè se te mèt jaden an. Se poutèt sa li di li: Mèt, si se ou menm ki wete l, di

m ki bò ou mete li. M'a v'al pran li. ¹⁶Jezi di li: Mari! Mari vire bò kote Jezi, li di l an lang ebre: Rabouni (sa vle di: Mèt). ¹⁷Jezi di li: Pa manyen mwen! Mwen poko moute al jwenn Papa mwen. Ou menm, al jwenn frè mwen yo, di yo m'ap moute kot Papa mwen, Papa nou. M'ap moute kot Bondye mwen, Bondye nou.

Kòman Jezi respekte fanm yo

Nan tou de bagay sa yo lè trajedi fènwa ak gwo kè kontan, Jezi te montre respè li pou fanm. Pandan soufrans lè l te krisifye a, Jezi te pale avèk tandrès ak manman l epi ba li tout swen disip li renmen an, Jan (Jan 19:26, 27). Kounyeya nan lajwa paske li sòti vivan nan lanmò a, li te chwazi fè yon fanm wè l an *premye*—yon lòt Mari.

Fanm k ap viv pou Bondye, ki kwè nan Bondye epi ki gen yon karaktè dou ak yon lespri ki poze **se sa ki gen valè devan Bondye** (1 Pyè 3:4b). Lè Bondye te kreye moun pòtre ak li, li te kreye gason ak fi *san defo* pou fè parèt resanblans li (Jenèz 1:27). Nan bagay espirityèl yo, Bondye bay ni fanm ni gason menm mwayen pou yo vin jwenn Kris epi resevwa menm eritaj. **Se konsa Bondye ban nou pwomès li yo ki gwo anpil, ki gen anpil valè, pou nou kapab patisipe nan sa Bondye ye a** (2 Pyè 1:4a). **Pa gen diferans...ant fanm ak gason. Nou tout nou fè yonn nan Jezikri** (Galat 3:28b). Bondye onore fanm yo anpil, li pase mari yo lòd pou yo renmen madanm yo menm jan Kris te renmen Legliz la jiskaske li rive bay lavi l pou li (Efezyen 5:25). **Se pou mari yo renmen madanm yo menm jan yo renmen pwòp tèt pa yo. Yon nonm ki renmen madanm li, li renmen pwòp tèt pa li tou** (Efezyen 5:28). Bondye renmen

bon linyon ak amoni ki genyen ant mari ak madanm. Li *rayi* divòs. Mwen *rayi* wè lè mouche separe ak madanm. Se Senyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, ki di sa (Malachi 2:16a). ²Fè kè m kontan nèt. Se pou nou viv byen yonn ak lòt, se pou nou yonn renmen lòt menm jan an, pou nou tout gen yon sèl lide nan tèt nou ak yon sèl santiman nan kè nou. ³Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou (Filipyen 2:2b, 3).

LESON 31. JEZI FÈ DISIP LI YO WÈ L

Jan 20:19-22

¹⁹Menm jou dimanch sa a, nan aswè, disip yo te reyini nan yon kay. Yo te fèmen pòt yo akle paske yo te pè jwif yo. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo, li di yo: Lapè avèk nou! ²⁰Aprè li fin di yo sa, li moutre yo de pla men l ak bò kòt li. Disip yo pat manke kontan lè yo wè Senyè a. ²¹Jezi di yo ankò: Lapè avèk nou! Menm jan Papa a voye mwen an, se konsa mwen voye nou tou. ²²Aprè pawòl sa



yo, li soufle sou yo, li di yo: Resevwa Sentespri.

Yon bagay pou fè


Kisa Jezi te di? Ranpli espas vid yo.

1. _____ avèk nou! (vèsè 19).

2. Menm jan Papa a voye mwen an, se konsa mwen _____ tou (21).

3. _____ Sentespri (22).

LESON 32. YON DISIP KI GEN DOUT RIVE KWÈ



Jan 20:24-29

²⁴Men, twouve Toma, yonn nan douz disip yo ki te rele Jimo, pat la avèk yo lè Jezi te vini an. ²⁵Lòt disip yo di li: Nou wè Senyè a. Men, Toma reponn yo: Si m pa wè mak klou yo nan pla men l, si m pa mete

dwèt mwen nan plas kote klou yo te ye a, si m pa mete men m nan bò kòt li, mwen p'ap kwè.

²⁶Yon senmenn apre sa, disip Jezi yo te reyini ankò nan kay la. Fwa sa a, Toma te la tou. Tout pòt te fèmen akle. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo, li di yo: Lapè avèk nou. ²⁷Apre sa li di Toma: Mete dwèt ou isit la. Men. Gade men m yo. Lonje men ou, mete l la bò kòt mwen. Wete doutans nan kè ou. Kwè, tande. ²⁸Toma reponn li: Senyè mwen, Bondye mwen!

²⁹Jezi di li: Koulyeya, paske ou wè mwen an, ou kwè. Enben, benediksyon pou tout moun ki kwè san yo pa wè!

Yon benediksyon espesyal

Jezi di nou gen yon benediksyon espesyal si nou kwè nan li menm si nou pa t wè li avèk je nou. Jodi a nou konnen Jezi pa mwayen Lespri li kap viv nan nou. Nou konnen l tou pa mwayen pawòl li pale nou nan Bib la.

Yon jou nou *pral* wè li. **Nou konnen lè Kris va parèt, nou pral tounen tankou li. Paske nou pral wè li jan li ye a (1 Jan 3:2b). Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske y'a wè Bondye (Matye 5:8). Gade. Men Kris la ap vini sou tèt nyaj yo! Tout moun pral wè l, menm moun ki te pèse l yo. Tout pèp sou latè pral kriye lè y'a wè li (Revelasyon 1:7a). Lè ou wè Jezi, èske w ap tris oubyen kontan? Si Jezi se Senyè ak Bondye nou, menm jan sa te ye pou Toma, ou pral kontan anpil!**

LESON 33. JEZI GEN POWVWA POU LI AJI

Jan 21:2-6; 9-12; 15-17


²Simon Pyè, Toma (yo rele Jimo a), Natanayèl (ki te moun Kana nan peyi Galile) ak de pitit Zebede yo te la ansanm ak de lòt nan disip Jezi yo. ³Simon Pyè di: Mwen pral lapèch. Yo di li: Nou menm tou, nou pral avè ou. Se konsa yo pati, yo moute nan yon kannòt. Men, yo pase tout nwit lan yo pat pran anyen.

⁴Li te konmanse fè jou lè Jezi parèt bò dlo a. Men disip yo pat rekonèt si se te li menm. ⁵Jezi di yo konsa: Mesye m yo, eske nou pran pwason? Yo reponn li: Non, nou pa pran anyen. ⁶Li di yo: Lage privye a sou bò dwat kannòt la, n'a jwenn kichòy. Yo lage privye a. Men, yo pat kapab rale l sòti nan dlo a sitèlman li te plen pwason.

⁹Lè yo desann atè, yo wè yon dife ki te limen sou rivay la avèk kèk pwason ap boukannen

ladan li. Te gen pen tou. ¹⁰Jezi di yo: Pote kèk pwason nan sa nou fenk sot pran yo. ¹¹Simon Pyè moute nan kannòt la, li rale privye a tou plen vin atè. Te gen sansenkanntwa (153) gwo pwason ladan li. Men atousa, privye a pat chire. ¹²Jezi di yo: Vin manje. Yo yonn nan disip yo pat gen kouray mande li: Ki moun ou ye? Yo tout te konnen se te Senyè a.

¹⁵Lè yo fin manje, Jezi di Simon Pyè konsa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen plis pase moun sa yo? Simon Pyè reponn: Wi, Senyè, ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Pran swen ti mouton mwen yo. ¹⁶Li mande li yon dezyèm fwa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen? Li reponn li: Wi, Senyè, ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Fè ou gadò mouton mwen yo. ¹⁷Aprè sa, li mande li yon twazyèm fwa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen? Sa te fè Simon mal anpil lè li wè Jezi mande l' yon twazyèm fwa: Eske ou renmen mwen? Li reponn li: Senyè, ou konn tout bagay. Ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Pran swen mouton mwen yo.



Vin manje

Gade yon bèl egzanp Jezi bay envitasyon pou manje avèk li! Jezi mennen disip li yo yon kote ki gen *anpil pwovizyon*. Eske ou grangou epi swaf lajistis? Jezi te di, **Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a** (Matye 5:6). Vini nan prezans li chak maten pou manje manje espiyèl, nourri nou nan pawòl li, sa k ap satisfè nanm nou. Senyè Bondye w la ki te retire w nan esklavaj di w, **Louvri bouch nou, m'a plen l ak pawòl mwen!** (Sòm 81:10b).

Si ou se pou Kris, ou gen yon lòt bèl envitasyon pou w vini manje. Avan Jezi retounen sou tè sa a kòm WA TOUT WA YO AK SENYÈ TOUT SENYÈ YO, gen yon resepsyon maryaj ki pral selebre nan yon inyon ki p ap janm fini li genyen ak tout moun ki kwè nan li yo.

Jan fè konnen, (Revelasyon 19:7, 8). Eske ou prè lè yo rele w pou manje sa a? Pa bliye nou pa ka mete pwòp abiman lajistis nou. Nan je Bondye, **tou sa nou t'ap fè ki byen te tankou rad sou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou** (Ezayi 64:6). Jezi se sèl rad lajistis ki fè yo aksepte nou pou bèl festen maryaj sa a. **Kris la pat janm fè okenn peche, men Bondye fè l pran sò nou sou li, yo trete l tankou yon moun ki fè peche. Konsa, lè nou fè yon sèl kò ak Kris la, Bondye fè nou gras** (2 Korènt 5:21). Gade yon bèl pataj: li pran peche nou yo epi ban nou lajistis li!

Pran swen mouton mwen yo

Après Jezi fin nourri ou, li vle pou w nourri lòt yo. Eske ou nourri nan nanm pandan w ap etidye Etid Biblik sa a sou liv Jan an? Après ou dwe pataje avèk lòt yo sa Bondye te ansenye ou. **Tankou gadò, se pou nou swen bann mouton Bondye ki sou kont nou an...se pou nou tounen yon egzanp pou mouton yo** (1 Pyè 5:2a, 3b). Nou ka beni lòt yo nan pataje pawòl Bondye a avèk yo epi tounen yon egzanp pou yo. **Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou** (Matye 28:20a).

Repons Kesyon yo

N ap jwenn repons kesyon sou etid Biblik sa dapre liv Jan pi ba, yon fason pou w ka tcheke travay ou epi pou w ka konnen repons ki kòrèk yo. Ale nan paj sa a sèlman *aprè* ou fin reponn tout kesyon yo.

Paj 4 a 5

1. Bondye
2. avèk Bondye
3. lavi
4. fènwa
5. Jan
6. Pèp li
7. pitit Bondye
8. soti, lachè, lèzòm, Bondye
9. moun
10. nan mitan nou
11. kantite, favè, favè
12. Pitit Bondye

Paj 8 a 9

1. vwa, dezè a
2. chemen, plani
3. vin, anvan
4. mouton Bondye, peche moun
5. Izrayèl
6. pijon, Sentespri

Paj 14

1. Fè tou sa I di nou fè.
2. plen yo ra bouch

Paj 21 a 22

1. lidè, lannwit
2. anseye
3. fèt yon lòt fwa
4. lèzòm, Sentespri
5. lachè
6. Sentespri
7. Moyiz, sèpan
8. renmen, peri, lavi

9. kondannnen, delivre
10. kondannnen, kwè
11. fènwa, limyè, mal, kondannasyon
12. sa ki bon

Paj 28 a 29

1. Li te bouke
2. Tanpri, ban m ti gout dlo pou m bwè.
3. Jwif yo pat gen rapò ak moun Samari.
4. dlo ki bay lavi a
5. Tout moun ki bwè dlo sa a gen pou l swaf dlo ankò. Moun ki va bwè nan dlo m'ap ba li a, li p'ap janm swaf dlo ankò.
6. li pase 5 mari deja epi nonm k ap viv avèk li kounyeya pa mari l.
7. sèvi
8. a nan kè yo
9. li tounen l al lavil la epi pale moun yo de Kris la
10. Fè volonte moun ki voye l la epi fin fè travay li gen poul fè.
11. Kris la, Sovè lemonn lan.

Paj 34

1. 38
2. geri
3. Leve, ale

4. pa fè peche
5. (a) vyole saba, (b) egal ak Bondye

Paj 42

1. kenbe, disip
2. Verite
3. esklav
4. Pitit
5. renmen
6. Bondye
7. vle, konnen

Paj 45

1. Jezi
2. moun ki te rete bò lakay li yo
3. Farizyen yo
4. papa a ak manman
5. nonm avèk la
6. Jezi
7. nonm avèk la

Paj 61

1. lave pye, lave pye
2. renmen, renmen

Paj 67

1. lemonn
2. Papa
3. wè, rayi
4. anyen
5. touye, Bondye
6. konnen
7. deja

Paj 77

1. Lapè
2. voye nou
3. Resevwa

Published in numerous languages by World Missionary Press, Inc., as God supplies funds in answer to prayer. **For questions or more information by country, visit: www.wmp-contacts.org**

Ti liv sa a *pa fèt pou distribisyon an mas*.
Li fèt pou etid endividyèl ak etid an gwoup.

LI PA FET POU VANN.

World Missionary Press, Inc.
PO Box 120
New Paris, IN 46553-0120 USA
www.wmpress.org

10-25



Read booklets online or by App
www.wmp-readonline.org
1318/2 Kreyol (Haitian) BSJ